

# CHIKAFU CHEPAMWEYA MUMWAKA WAKAFANIRA



Tenda chete, tenda chete,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, chete . . .

Ko, zvino nenzira iyi:

Zvino ndinotenda, zvino ndinotenda,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda;  
Zvino ndinotenda, zvino ndinotenda,  
Zvinhu zvose zvinogoneka, zvino ndinotenda.

Ngatirambei takamira zvino, takakotamisa misoro yedu.

Ishe, dai urwu rwukasangova rwiyo bedzi, asi ngakuve pakadzama pemoyo wedu pachiimba, “Zvino ndinotenda!” Vadzidzi vakati pane imwe nguva, mushure mokunge Jesu aita mabasa makuru akawanda, vakati, “Ishe, zvino tave kutenda.”

Jesu akati, “Mave kutenda here zvino?”

<sup>2</sup> Vakati, “Tinotenda kuti Munoziva zvinhu zvose uye haMudi kuti mumwe munhu akudzidzisei.” Saka, Baba, manheru ano tinocherechedza kuti haMudi dzidziso yedu, asi isu tinoda yeNyu. Naizvozvo tinonamata kuti Mutidzidzise manamatiro, mararamiro, uye nematendero. Zviitei, Ishe, kubudikidza neshumiro ino manheru ano. Kana paine chatinoshaiwa, tipeiwo, Ishe. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amenii.

<sup>3</sup> Ndinoziva kuti vakawanda venyu vakamira zvakare manheru ano. Uye, kunze, ndasangana nemapoka vati havana kukwanisa kupinda mukati, zvino vari kuteerera pamaredhiyo mudzimotokari dzakasiyana-siyana. Uye zvino tichaedza kuti tiite nokukasika kwese kwatingagona manheru ano, Svondo manheru, tinopira kuti tinamatire varwere, tova nomutsara wekunamatira watinokwanisa kuve nawo kumusoro kuno. Asi tiri kukumikidza shumiro ino manheru ano kuitira munamato wevanorwara.

<sup>4</sup> Uye ndinoda kuti muumbike zvino mune . . . izvi Zvirevo Zvitsvene zvaMwari, muKutenda, Kutenda kwenguva ino. Kutenda chaiko! Zviri kuzatora kutenda kwakadarika kutenda kwakambovapo mune mamwe mazera, nokuti uku kunofanira kunge kuri kutenda kwekubvutwa, kutorwa kuenda kumusoro. Uye saka tinoda kuti mutende manheru ano mune zvose zvamakaona, zvamakanzwa, Shoko ramakanzwa richiparidzwa, zvi—zviritidzo nezvishamiso zvamakaona zvichiitwa. Tinoda kuti muzviunganidze zvose izvozvo pamwe chete mumoyo

menyu, muzvicherechedze, kana izvozvo zviru Mwari kana kuti kwete.

<sup>5</sup> Zvakaita saErisha wakare, akati, “Kana Mwari ari Mwari, zvino chiMushumirai.” Uye kana Jesu ari musimbote wezvinhu zvose kuMukristu, zvadaro tinofanira kusiya zvimwe zvinhu zvose zvino tonamatira paAri. Rangarirai, ndiYe Musimbote, ndiYe Nyeredzi yeKuchamhembe, ndiYe Mhedziso, ndiYe Mhedziso. Zvino kana iYe ari Nyeredzi yeKuchamhembe... Pane chinhu chimwe chete chinonongedzera kunyeredzi yekuchamhembe, ndiyo kambasi yauri kufamba nayo muchikepe. Zvino Kambasi yandiri kuedza kuti mufambe nayo iShoko, uye Shoko nguva dzose rinonongedzera kwaAri.

<sup>6</sup> Zvino tiri kunzwa sokunge tiri kupfuura nemunguva huru yekushushikana nemiyedzo, kuvhiringika kwenguva uye nekunetsana pakati pamarudzi, uye nemhando dzose dzezvinhu zvakasiyana zviru kuitika, uye pane dzimwe nguva ndinoita sokuputirwa...Kwese kwandinotarisa, zvinoita sokunge uri pa...mungarava iri pakati pegungwa. Zvino ndakaitwa mutariri weChikepe. Zvino tichasvika sei? Zvino hepanoi panouya rimwe saisai jena, rakakura kudarika chikepe changu zvapaketwa kazana. Asi tichapfuura nemaari, ose. “Tiri vakundi nokupfuurira nemaAri.” Iye Mukuru wechikepe, Mutyairi Mukuru wechikepe, akabata tambo iri pamberi pechikepe, Achaidhonza dzamara yasvika. Tichapfuura nemaari ose.

<sup>7</sup> Zvino, manheru ano, kuitira kuti tikasike zvino tokuregai muchikasika kubuda nguva ichiripo...Tinokoshesa kutyaira kwenyu mitunhu yakareba, nezvimwe zvakadaro, uye kuti munofanira kutyaira, uye nokuzvipira kwamunoiita. Uye, munooona, zvinondiisa pokuti ndinozoda kungomira zvino ndoramba ndichitaura nokuramba ndichiita zvose zvandinokwanisa kuti ndikubatsirei. Asi kana ndiri pano ndinoedza kumanikidzira zvose zvandingangokwanisa, kuti zvibatsirei nokuda kwenguva iyo yatiri pano zvino. Zvino munotori...Kana ukapa vanhu zvakanandisa panguva imwe chete havazovirangarire. U—unofanira kungotora chinhu chimwe chete zvino woramba wakachibata kune munhu kusvikira vachiona. Zvino kana vachinge vanyatsozvibata zvakasimba mumoyo mavo, zvino vanozi...zvadaro wovadzidzisa zvimwewo. Kungoita nhano nenhano patiri kuenda.

<sup>8</sup> Iye zvino, namatai uye munge makashinga, uye mugotenda zvino manheru ano kuitira kupodzwa. Handifunge kuti pane kana mubvunzo mupfungwa yenyu maererano nenguva yatiri kurarama. Handitendi kuti pane mubvunzo mupfungwa yenyu pamusoro pokuti Mwari ari pakati pevanhu vaKe here kana kuti kwete. Ndinotenda kuti mose munozvitenda. Uye ini... Hapana kupokana mupfungwa mangu nezvazvo. Uye ndi—ndi—

ndinoziva vanhu vangu, shamwari dzangu, shamwari dzaKristu, vana va—vaKristu, vanozvitenda.

<sup>9</sup> Uye zvinondipa mufaro mukuru kana uchinge uchiona kuti unoziva kuti une Mharidzo yakabva kunaMwari, zvino woipa kuvanhu zvino woona vanhu vachidairira kwaIri. Zvadaro uotarisa kumashure woti, “Maita heNyu, Baba.” O, mufaro wakadini zvino kuona vana vachidya Chingwa chakatumirwa kwavari! Munocherechedza kuti chakanga chiri chiratidzo makore akapfuura, pano chaipo patabhanakeri ino? Ndizvozvo chaizvo, “Chingwa cheUpenyu.” Hama Neville, munozvirangarira, pamwe. Nguva huru kwazvo!

<sup>10</sup> Iye zvino ngatizarurei, kana muchida kutevera pari kuverengwa kana kuzvinyora pasi, kungo... Handitendi kuti zvinenge zvakafanira kuva neshumiro pasina kuverenga Shoko raMwari nokutaura zvinhu zvishoma, kana iri kuzova shumiro yekupodza kanawo imwe mhando. Tose tinonzwisisa. Hapana vaenzi vari pakati pedu, ndinofungidzira kudaro. Asi tose tinonzwisisa izvo zviri kupodza. Hachisi chimwe chinhu chaunoitirwa nemumwe munhu; ndeicho chawakaitirwa kare naMwari. Ruponiso rwuri mugwara rimwe chete iroro. Chinhu choga, ndechokuti, uite kuti vanhu vatende kuti iChokwadi. Uye Mwari vanozvidzidzisa muShoko raVo uye zvadaro vozviratidza kune avo vanoRitenda, nokuti Vakati, “Zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.”

<sup>11</sup> Munoti, “Hapana chingakona kunaMwari.” Munozvitenda? Hapana chingakona newewo, zvakare. “Nokuti zvinhu zvose zvinogoneka kune avo,” (Mwari Munhu mumwe chete) “kune avo vanotenda.” Maona? Saka hapana chingakona newe, kwauri, kana ukangogona kutenda.

<sup>12</sup> Iye zvino muna Madzimambo weKutanga, chitsauko 17, ndinoda kuverenga ndima nomwe dzokutanga, Ishe vachitendera.

*Zvino Eria muTishibhi, waigara Gireadhi, wakati kuna Ahabhu, NaJehovha mupenyu Mwari waIsraeri, iye wandimire pamberi pake, hapangavi nedova kana mvura makore ano, asi kana ndareva ini.*

*Zvino shoko raJehovha rikasvika kwaari, richiti,*

*Chibva pano, uende kumabvazuva, uende kurutivi rwamabvazuva, undovanda parukova Keriti, ruri pamberi paJorodhani.*

*Unofanira, kuzonwa mvura yorukova; uye ndakaraira makunguwo kukupa zvokudya ipapo.*

Cherechedzai, “kukupa chokudya ipapo,” kwete kumwewo kunhu. “Ipapo!”

*Naizvozvo akaenda akaita sezvaJEHOVHA, kana kuti sezvaakaudzwa naJEHOVHA: nokuti wakandogara parukova Keriti, ruri pamberi paJorodhani.*

*Makunguwo akamuvigira chingwa nenyama mangwanani, nechingwa nenyama madekwana; akanwa mvura yorukova.*

*Zvino nguva yakati yapfuura, rukova rukapwa, nokuti mvura yakanga isinganai panyika.*

13 Ishe vawedzere maropafadzo aVo pakuverengwa kweShoko raVo. Uye zvino, manheru ano, ndinoda kutora chidzidzo kubva ipapo, chinonzi, “Chikafu chepamweya mumwaka waCho.” Mangwanani ano tanga tiine chi—chidzidzo pane—pane “Kuitira Mwari basa, kana kuedza kuMuitira basa ikwo kusiri...-siri nguva yacho, mwaka, nzvimbo, kana munhu wacho.” Uye zvino chino ndechokuti: *Chikafu ChepaMweya MuMwaka Wakafanira.*

14 Muporofita uyu, Eria, tinoziva zvishoma pamusoro pake. Asi tinoziva kuti akanga ari muranda waMwari, uye muranda waMwari wenguva iyoyo.

15 Uye mwari vakashandisa Mweya waVo wakanga uri pana Eria, katatu nechekare, uye ndokuvimbisa kamwe kavirizve; kashanu, zvinomirira nyasha. VakaUshandisa pana Eria; Ukauya pana Erisha zvakapetwa kaviri; waiva pana Johane Mubhabhatidzi; uye wakafanira kuuya kuzounza Mwenga wechiHedheni; zvino nokuzouya naMosesi kuzotora maJudha kuenda kumusha. Ndizvo chaizvo. Kashanu apo Mwari vanovimbisa kushandisa Mweya waEria, zvino vakatozviita katatu.

16 Zvino, muporofita mukuru uyu, hatizive kwaakabva. Tinoziva kuti waiva muTishibhi. Asi kuti akauya sei. . .

17 Tinoziva zvishoma pamusoro pevaporofita. Hatizive kwavanobva. Kashoma kwazvo. . . Sezvo, hapana wandinoziva akabuda kubva muchechi kana kuva nedzinza shure kwavo. Vaingoriwo vanhu vamazuva ose vakanga vasingatye, uye, kakawanda, vasina kudzidza. Uye havana kumbonyora chinhu, pachezvavo. Isaya naJeremia, vamwe vakati kuti, vane zvakanyora, asi murume mukuru uyu Eria haana kana chinhu chaakanyora. Vakawanda vavo havana kunyora; pamwe vakanga vasingagone kunyora. Asi vakanga vari varume vakakwasharara. Hapana munhu muBhaibheri akafanana nevaporofita ava vakare. Vakazvidza humambo, madzimambo, vanhu, machechi, nezvimwe zvose, uye ndokunyatsomira zvakasimba paShoko raMwari, uye Mwari ndokuvaratidza kuti vakanga vari muchokwadi. Vakanga vari vanhu vakakwasharara kwazvo.

18 Zvino Eria uyu ndiye mumwe akanga akanyanyisa kukwasharara kudarika vamwe vose. Akanga ari munhu

wemurenje. Akabva murenje; aigara murenje. Bhaibheri rakati aipfeka zvine makushe. Ainge akazvimoneredza nedehwe regwai, pamwe nechidimbu chedehwe remhuka, chedehwe rengamera akachimonedza muchiuno chake, akanyanya... ndebvu dzakazara kumeso kwake, zvino ndinofungidzira kuti aiva murume airatidzika zvakakwasharara kwazvo, uye pakumutarisa.

<sup>19</sup> Asi hatina...vose havana kufa. Vose—vose havana kufa. Mumazuva eNicene Council, vazhinji venyu imi vanhu munoverenga *The Nicene Council Of The Early Church*, pavakanga vachida kugadzira sango kubva pairi zvino vobva vaparadza mamwe ose machechi, zvino vouya mune imwe chete, pavakanga vaine Nicene Council iya, varume vakakwasharara saErisha vakauya imomo vachibva murenje, vaidya miriwo bedzi; varume vakuru vakakwasharara. Asi varemekedzwa, vekumusoro-soro, pasi paConstantine, nezvakadaro, vakanyararidza inzwi ravo. Nokuti ivo, vari vaporofita, vaiziva kuti tsanga yegorosi yeKereke Mwenga yaifanira kuwira muvhu, zvimwe chete setsanga yegorosi muChikomba yakatowira muvhu. Zvino ipapo yakararapo kwechiuru chemakore.

<sup>20</sup> Ndosaka vachinyora mumabhuku nhasi, “Aripiko uya Mwari akanyarara aikwanisa kumira akatarisa, achiona vana vaduku vachipondwa, madzimai vachibvanzaurwa kuita kanyama-kanyama neshumba, zvino iye ogara hake kumatenga orega kuwana chaanotaura pamusoro pazvo?” Havazive Shoko. Mbeu iya yegorosi inofanira kuwira muvhu. Ko Mwari akurama akagona sei kumira akatarisa Mwanakomana waKe pachaKe achifa uye achisvipirwa, nezvimwe zvakadaro? Asi zviri maererano neShoko, zvinofanira kudaro. Uye ndizvo zvazviriwo kusvika panguva ino.

<sup>21</sup> Murume uyu, akanga ari munhu mukuru. Akanga aine chizvarwa chizere nezvivi pamberi pake. Ahabhu akanga ari mambo, baba vake vakanga vari mberi kwake vakanga vakaipa. Kubvira pana Soromoni, paingova namambo akaipa achiteverwa nemumwe akaipa. Zvino murume uyu, Ahabhu, akatonga makore makumi maviri nemaviri muSamaria, ndiye akanga akaipisisa kudarika mamwe ose. Akanga ari chaiye wechimanjemanje. Aitenda mune zvekunamata, zvirokwasvo. Uye aive nezvinhu zvose zviri mumafambiro echimanjemanje. Aiva nevaporofita vake vechiHebheru mazana mana, vose havo vakadzidziswa zvakana kana vakafundiswa. Mwari vakamutumira mumwe zvino haana kana kuzvitenda, zvino akanga ari Eria.

<sup>22</sup> Asi Eria, muTishibhi uyu, aiva murume wemurenje. Kwete murume munyoru; aiva murume akakwasharara. Zvino rimwe zuva, mushure mokunge Ahabhu atadza zvokuti Mwari vakanga vafinhikana naye, Vakataura naEria murenje. Zvino heunoi anouya nenzira achienda kuSamaria, sezvandinowanoratidza;

zvichida ndebvu chena dzaibuda dzakapoterredza chiso chake, musoro une mhanza uchipenya muzuva, tumaziso tuduku twakatsinzinyira, shure uko aine chimuti muruwoko rwake, nokunyemwerera pachiso chake, ndokufamba kunosvika chaipo pana mambo weIsraeri, zvino ndokuti, “Iro...Kana nedova harisi kuzodonha kusvikira ndaridana.”

<sup>23</sup> Mwari vatipe varume vakadaro, munoona, varume vanoziva zvavari kuita neZVANZI NAJEHOVHA.

<sup>24</sup> Zvino, tinoona kuti asati aita izvozvi, kuti Mwari vakanga vamudana. Mwari vakanga vataura naye uye, nokudaro, hapana chinhu chaaitya. Akanga asingatyire mharidzo yake, kuti hayaizoitika; aiziva kuti yaizoitika! Aiziva kuti yakanga iri maererano neShoko raShe, uye aiziva kuti akanga ari muporofita waMwari wenguva. Saka zvisinei nokuti mambo vaizomugura musoro wake, vomukandira mujere, chero chavaiita, hazvina mutsauko wazvaiita kwaari; aiva nekutumwa, “ZVANZI NAJEHOVHA,” chaipo pachiso chamambo. Munhu akakwasharara zvakadini! Asi asati aita izvozvi, akaprorofita nezvekushaikwa kwemvura kukuru uku. . .

<sup>25</sup> Nokuti Mwari havaregi chivi chisina kurangwa. Panofanira kuva nemurango. Ko murawo ungabatsirei kana usina murango? Chii chakanaka chazvingaita, kuti, “zvinopesana nemutemo kupinda murobhoti dzvuku,” uye pasina faindi inotevera, kana kushaya murango unotevera? Haungambova murawo. Nokudaro pane murango kuchivi. Zvino kana Mwari vaita murawo, zvino kana murawo—murawo iwoyo ukatyorwa, zvadaro panofanira kuva nemurango nokuda kwaizvozvo.

<sup>26</sup> Zvino nyika iyi yakanga yatyora mirawo yaVo yose. O, vaiva nechechi yakakura, vaiva netembere. Vaiva nevarume vakawanda vakadzidza. Vaiva ne vaporofita vakatekeshera munyika yose, vaiva nezvikoro zvavo, vachivagadzira semuchina. Zvino vakanga vaine vaporofita vakawanda, vaiva ne—nevaprisita vakawanda, vaiva nevanyori vakawanda, uye vaiva nechinamato chakawanda, asi vakanga vari kure neShoko raMwari. Saka Mwari vakadana munhu aive kunze kwechero ripi zvaro remapoka ravo, zvino ndokumutuma neZVANZI NAJEHOVHA.

<sup>27</sup> Uye cherechedzai hanyin’ a yaAnoita neavo vari vaKe pachaKe. Vasati Vatuma muporofita uyu nemharidzo, Vakati, “Eria, enda zasi unoudza Mambo Ahabhu zvinhu izvi. Uye zvino, kana wazviita, ubve paari nokukasika, nokuti ndakugadzirira nzvimbo yauchaenda munguva yekushaikwa kwemvura. Ndichakuchengeta, Eria, kana ukangoparidza Shoko raNgu, ingoita bedzi zvaNdiri kukutaurira kuti uite.”

<sup>28</sup> Iye zvino ndichafananidzira shumiro huru iyi, manheru ano, yaEria nenguva yaEria, nenguva iyo yatiri mairi zvino. Ndinotenda kuti Iwo mufananidzo wakakwana. Ndinofunga

nezvenyika...kana ini...tiine nguva yokudzokera, asi ndiri kuda kuisa nguva yakawanda mumutsara wekunamatira.

<sup>29</sup> Saka dai taigona kudzokera toona, Israeri yakanga yatora Palestine nenzira imwe chete yatakatora nayo United States ino. Takauya muUnited States ino ndokudzinga vagari vayo, avo vaiva maIndia, zvino ndokutora nyika. Uye ndizvo zvakaitwawo neIsraeri payakauya muPalestine, pasi pehutungamiri hwaJoshua, pasi paMwari, zvino ndokudzinga vagari vemo ndokutora nyika.

<sup>30</sup> Zvino madzimambo avo ekutanga vaive varume mhare; Dhavhidhi, Soromoni, nevarume vakuru. Vatungamiri vedu venyika vokutanga vaiva vanhu vakuru; Washington, Lincoln, nevamwe vakadaro. Zvino pakupedzisira vatungamiri venyika kana kuti madzimambo vakatanga kuora vachiwedzera nokufamba kwenguva, zvino pakupedzisira vakazoguma vava naAhabhu uyu. Mufananidzo chaiwo, wezvakanyatsoita zuva redu. Uye vanhu vakanga vave vechimanjemanje zvokuti vakanga vasisade kunzwa Shoko raMwari rechokwadi.

<sup>31</sup> Zvino unogona kufungidzira, pavanhu vechimanjemanje vakadaro, kuti mutumwa chaiye waMwari wechokwadi anonzwika zvakadini kwavari. “Sei, aipenga, akanga arasika pfungwa dzake. Hapaigona kumbova nechinhu chakadaro.” Vakanga vari vanamati, vanamati chaivo. Vaiva nevarume vakaperera, vaiva nevanhu vakaperera. Vaiva vanamati chaivo.

<sup>32</sup> Saka aiziva kuti zvaitora zvinodarika dzidzo yebhaibheri yamazuva ose, zvaitora zvi—zvinodarika mharidzo hayo yamazuva ose, zvaitora zvinodarika kungoparidza hako Shoko, kupamura moyo yavo yaive yedombo. Aiziva kuti zvaitora ZVANZI NAJEHOVHA kuti atumire kutongwa zasi pane vanhu ava, saka akazviziva paakabuda aine ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino yakanga iri ZVANZI NAJEHOVHA. KuIramba, kwaive kutongwa. Tinozviona muzuva redu, zvakare. Tinozviona mune chero ripi haro zuva. Hapana chinenge chasara kunze kwekutongwa paunodarika muganhu wetsisi.

<sup>33</sup> Zvino, mufananidzo iwoyu, uyo, ndiri kuzofananidza Eria nekereke nhasi, kereke yanhasi. Kutonga kusati kwauya, akagamuchira mharidzo iyi. Eria, aimiririra, achichengetwa panyama, chikafu chake chepanyama, nokuti kwakanga kusiri kuzonaya zvino, zvirira maererano neShoko raMwari, kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu, kana kuti kusvikira Eria aidana. “Chero nguva ipi yauchataura, Eria, ndizvo zvazvichave.” Nokudaro akafamba ndokuenda kuna mambo, ndokuti, “Hapazombova kana nedova richawa kusvikira ndaridana.” Uyu mu—mutoro mukuru kwazvo, handizvo? Imharidzo yakatsaurwa!

<sup>34</sup> Uye zvino tinoda kuzvifananidza nekuoma kwepamweya kwanhasi. Zvino, tose tinoziva, tiri kunyatsoziva, kuti pane

kuoma kwepamweya kukuru munyika nhasi, tichitaura nezvepamweya. Uye, munoziva, izvozvo zvakafanotaurwa nevaporofita, Kuuya kwaKristu kweChipiri kwave kusvika, vakati, “Kuchauya nzara munyika, uye ichange isiri yechingwa choga, asi yokunzwa Shoko raMwari.” Zvino zuva racho ndiye zvino, “kunzwa Shoko raMwari rechokwadi.” Zvino, zvinofananidzira kushaikwa kwemvura panyama nekwepamweya.

<sup>35</sup> Chivi nekusatenda, kubudikidza nevadzidzisi venhema nevanoita zvechimanjemanje muchechi, zvakanga zvasvitsa panzvimbo yekuuya uku, kutongwa kwakanga kuri kuuya. Zvino vakanga vatsauka kubva paShoko raMwari nemuporofita waVo, pane zvitevedzwa zveShoko zvedzidzo yebhaibheri zvechimanjemanje.

<sup>36</sup> Macherechedza pano, ndipo panguva apo Mwari nguva dzose vanosimudza chimwe chinhu. Nokuti, iVo, nguva dzose, hapana chaVanoita kunze kwekunge Vatanga kuzvizarurira kuvanhu, uye Vanozvizarura nguva dzose nevaranda vaVo.

<sup>37</sup> Zvino, asi Eria, panguva iyi, akanga aine nzvimbo yake yakavanda yakanga yakatemerwa naMwari kuti azoendako. Ndicho chinhu chatiri kuda kuona iye zvino tisati tava nemutsara wemunamato. Eria aiva nenzvimbo yakavanda yakanga yapiwa naMwari pachaVo. Zvino, kereke haina kana kumboipa kwaari, mambo havana kumboipa kwaari, haana kumbozvipa iye pachake, asi Mwari vakapa Eria nzvimbo yakavanda kuti agopiwa chokudya nguva dzose munguva yekushaikwa kwemvura, uko chokudya chake chaiunzwa zuva roga-roga. Haaifanirwa kunetseka kuti chii chaizoitika mangwana acho kana kunetseka kuti zvaaiwana pamwe zvaizopera. Mwari vakati, “Ndaraira makunguwo uye achakupa chokudya.” Chinhu chinoshamisa zvakadini, mufananidzo wenzvimbo yedu yakavanda munaKristu.

<sup>38</sup> Apo kanzuru yepasi rose pamwe nezvose zviru kuitika nhasi, vanoti, “Mazuva ezvishamiso akapfuura.” Masimba makuru aMwari akabviswa mumakereke. Vanoita sokunge, zvakare, hapana chavainacho kunze kwe “ndarira inorira nedare rinoti ngwere-ngwere.” Tinozviziva kuti ichocho ichokwadi. “Uye chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.”

<sup>39</sup> Ndicho chinhu chimwe chete chaitwa naDhavhidhi, mangwanani ano, nengoro dzemombe, akabva paShoko. Zvino Shoko parakaunzwa ndokupiwa kwavari, vakanga vasingaRide; nokudaro, vakanga vabva paRiri.

<sup>40</sup> Ndizvo zvakanga zvaitwa nevanhu ava mumazuva aEria, vakanga vabva paShoko. Vaifunga kuti vakanga vaine Shoko, asi vaisava naRo. Saka cherechedzai zvino mune . . .

<sup>41</sup> Munguva iyo Vakanga vari kuzoranga uyo asingatendi, Vakagadzira nzira yemutendi. Ndicho chinhu chimwe



chete chaVanoita nguva dzose. Mumazuva apo Vakanga vari kuzoparadza nyika nemvura, Vakagadzirira Noa nzira yekupunyuka nayo. Mumazuva paVakanga vari kuzonyudza Egipita mumvura, Vakagadzirira vanhu vaVo nzira yokupunyuka nayo yaidarika nemugungwa. Magadziriro ayo Mwari avanoita nzira yaVo! Uye panenge pasina nzira, iVo ndivo Nzira yacho. NdiVo Nzira yacho!

<sup>42</sup> Iye zvino tinocherechedza kuti tatarisana nemamwe ma... neimwe yenguva hurusa yati yambozivikanwa munhorondo. Harisi chaizvo bhambu riri pachitundumuseremuserere chiri kupenya, chine musoro pachiri, chatinofanira kutya. Makereke ndiwo atinofanira kutya. Ndeiyu nguva yatiri kurarama yatinofanira kutarisa.

<sup>43</sup> Zvino cherechedzai, asi Mwari vakagadzira nzira yokuti Eria aipunyuke. Uye Vagadzira nzira yokuti vana vaVo vanotenda vaipunyuke zvino, hashu nezvimwe zviri kuuya.

<sup>44</sup> Nokuti, Mwari havazova nenduramo kutonga vanhu avo uye nokuvatumba kurangwa, nokunyudza Sodhoma neGomora, nokunyudza Kapenaume pakati pegungwa, nokupomera zvizvarwa izvozvo, neSodhoma neGomora, zvino votirega tichiita zvinhu zvimwe chete zvino toshaiwa chinotiwana. Tiri kunotongwa zvezmazvirokwazvo sezvavaizotonga zvezmazvirokwazvo. Zvino tinocherechedza kuti zvi... .

<sup>45</sup> Kana zvinhu izvi zvichinge zvauya, maitiro echimanjemanje anhasi uno, Mwari vakamutsa munhu muzuva iroro, kana kuti vakasimudza munhu, waro, kurwisana nemasimba, zvino havana kumbozviteerera. Vakafunga kuti aipenga, “Akanga arasikirwa nepfungwa dzake. Akanga achingoriwo mumwe mupengereki, benzi raibva murenje, kunge mhengera-musango.” Asi, zvakadaro, akanga aine Shoko raShe.

<sup>46</sup> “Shoko harirevi zvaRinotaura,” vanodaro nhasi. “O, saka, Bhaibheri ibhuku renhorondo.” Ndinofungidzira kuti makazviona izvi, kuti zvino vanotaura, kuti, “Evha haana kudya apurosi, akadya...” Chaiva chii? Ndinotenda... “Raiva aprikoti,” vanodaro zvino. “Raiva aprikoti.” Uyezve, kuti, “Mosesi haana kumbouya nevana veIsraeri nemuGungwa Dzvuku. Rakanga riri butwa guru retsanga, kumusoro kune mamwe magumo egungwa, zvino akapfuura nemugungwa retsanga.” Ko zvakazoita sei kuti mvura, m-v-u-r-a, yakaita madziro kumativi ari maviri; ivo ndokufamba paivhu rakaoma, zvino? O, zvakadaro zvisina maturo! Asi, munoona, zvinotora zuva rakadaro kuburutsa pasi hashu dzaMwari pamusoro pevanhu. Zvinodaro.

<sup>47</sup> Vanotaura kuti hakuna chinhu chakaita se—sezvi... Kunyange vanhu vemukereke havatendi mumunana. “Ndichakupa chiuru chemadhora,” vakadaro, “ndiratidze munana. Ndiratidze munana!” Zvakanaka, havaimbouona

kunyange dai pakaitwa gumi rezviuru rezvinhu pamberi pavo. Handiti, ivo, havaimbouona.

Unoti, “Hazviitike.” O, kwete, handizvo.

<sup>48</sup> Eria pane imwe nguva akanga ari zasi kuDhotani, zvino hondo yavaSiria yakanga yauya ikoko ndokukomberedza guta, kuti vamutore, nokuti vaiziva kuti ndipo pakanga paine simba renyi—nyika, raive mumuoni uyu. Sei, mambo. . . Mumwe wevarume akaudza mambo weSiriya, ndokuti, “Ko, munoziva, Eria muporofita, muTishibhi, anoudza mambo weIsraeri zvamunotaura muri mukamuri yenyu yakavanda.”

<sup>49</sup> Ndokuti, “Endai munotoro muchinda iyeye! Ndiye muchinda ari kutidzivisa.” Zvino hondo yose yavaSiria yakaverevedza ndokukomba Dhotani. Vose vainge vakarikomberedza.

<sup>50</sup> Zvino Gehazi, mu—muranda wemuporofita, akamuka, zvino ndokuti, “O, baba vangu, hondo yose yakatikomberedza pano. Takanyatsokomberedzwa.”

<sup>51</sup> Akati, “Sei, vari kwatiri vakawanda kudarika vari kwavari.” Maona?

Zvino Gehazi akatarisa kwese-kwese, ndokuti, “Hapana munhu wandiri kumboona.”

<sup>52</sup> Akati, “Ishe Mwari, zarurai meso emukomana uyo.” Zvino meso ake akazaruka, zvino zvikomo zvose zvaive zvakazara neNgirozi nengoro dzemoto dzigere ipapo, Masimba asingaoneki.

<sup>53</sup> Eria akabuda ndokunyatsoenda ikoko, zvino Bhaibheri rakati, “Akavarova nehupofu.” Akabuda ndokuenda kwavakanga vari; vakanga vakapofomara kwaari. Akabuda zvino ndokuti, “Muri kutsvaga Eria here?”

Iye ndokuti, “Hongu, tiri kumutsvaga.”

<sup>54</sup> Ndokuti, “Uyai kuno, ndichakuudzai chaipo paari,” ndokuvatungamira nepakati pemuteyo weboka remauto akavanda, nechaipo pakanga paine mauto zvokuti vakangobuda ndokuvabata.

<sup>55</sup> Zvino, Bhaibheri rakati, “Akavarova nehupofu.” Ndzivo chaizvo. Zvino vanhu vakanyatsopofomara pamweya nhasi, kunyange Ishe Mwari vakaburuka pakati pevanhu voita chero chinhu hacho, nezvinhu zvaVakavimbisa, zvakadaro havakwanise kana kuZviona. Vakapofomara pamweya; havazive Mwari, havazive Simba raVo guru. Zvino, tinocherechedza kuti vakazviita mumazuva aEria, uye vachiri kuzviita nhasi. Mwari vanovarova nehupofu. Vanotaura nhasi, kuti, “Hakuna minana, hakuna chinhu chakadaro, zvose izvi manyawi.”

<sup>56</sup> Uye vakataura zvimwe chetezvo pamusoro paEria, nokuti paakatakurwa mudenga zvino Erisha akatora nzvimbo yake,

murume wechidiki, akanga ava nemhanza, achiri muduku, vana vakamhanya mushure make, zvino ndokuti, “O nyamhanza, sei usina kuenda naEria?” Munoono, vakanga vasingamboZvitendi kubvira pakutanga, vanhu vacho, mushure mokunge zvinhu zvakawanda zvaitwa. Zvino munhu mukuru uyu waMwari akanga atakurwa kuenda Kudenga nengoro yemoto, uye vanhu kunyange zvakadaro havana kuZvitenda. Zvino ndokuita kuti vana vavo vaduku vamhanye mumashure memurume uyu zvino ndokuti, “Iwe nyamhanza, sei usina kukwira kumusoro?” Maona? Zvino zvadaro muporofita akatuka vana ava, zvino chitsere chikadzi chakauraya makumi mana nevaviri vavo.

<sup>57</sup> Zvino cherechedzai. Nhasi, sezvazvaiva kareko, vanoisa dudziro yavo paShoko. Zvino, kana vachida kuita zvakadaro, zviru kwavari, asi vanoedza kutiita kuti isu tizvitende. Bhaibheri rakataura kuti, “Shoko rino raMwari haridudzirwi pakavanda.” Mwari Vanozvidudzirira pachaVo. Mwari vanosimbisa Shoko raVo, uye ndiyo dudziro yaRo. Sokutaura kwandakaita kakawanda, Vakati pakutanga, “Ngakuve nechiedza,” zvino chiedza chikavapo. Izvozvo hazvidi kududzirwa; zvakaitika. Vakati, “Mhandara ichabata mimba,” yakazviita. Vakati Vachazo “durura Mweya waVo,” Vakazviita. Uye Vakati, “mumazuva okupedzisira,” zvinhu zvaVaizoita, uye Vari kuzviita! Hazvidi kana kumbodudzirwa; Mwari Vari kuzvidudzirira pachaVo. Hazvina basa kuti munhu benzi anoti kudini, izvozvo hazvimise Mwari nepaduku pose.

<sup>58</sup> Zvino Jesu paakanga ari panyika, Aiva nehuwandu hwekusatenda hwekurwisana nahwo sehwatina hwo nhasi, uye pamwe kutodarika. Asi hakuna kuMumisa; Akaramba achienda mberi achizviita nokuita basa raKe, uye Mwari vachisimbisa zvose zvaAiiita. Akati, “Handisi Ndogo. Baba vaNgu neNi tiri mumwe; Vanogara maNdiri. HaNdini ndinoita mabasa, ndiBaba vanogara maNdiri. Zvino kana Ndikasaita mabasa aVo, zvadaro musaNditenda; asi kana Ndikaita mabasa zvakadaro motadza kuNditenda, tendai mabasa.” Maona? Nemamwe mashoko, ivo... “Nzverai Magwaro,” Vakati, “nokuti ndimo mamunofunga kuti mune Upenyu Husingaperi, hunge muchiziva Magwaro. Uye Magwaro, pachaRo, rinoNdupurira.” Ameni! Chitaurwa chakadini! “Ndiwo acho, Magwaro, anokutaurirai kuti ndiNi Ani,” Jesu akadaro.

<sup>59</sup> Zvino Magwaro ndiwo anokutaurirai nguva yatiri kurarama. Uye zvinhu zvamunoono zvichiitwa, ndiMwari pachaVo vari pakati pevanhu vaVo. Hapana chinokwanisa kumutsa vakafa kunze kwaMwari. Hapana chinokwanisa kuita zvaVari kuita iye zvino kunze kwaVo. Nokuti Bhaibheri rakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

<sup>60</sup> Iye zvino tinoona maitiro echimanjemanje evanhu, zvino, “O, mazuva acho akapfuura, hakuna chinhu chakadaro chinonzi minana. Vanhu vakangobatwa nemanyawi.”

<sup>61</sup> Teerera kuna Eria uyu, muporofita, achidanidzira achivatsiura nevadzidzi vavo vebhaibheri. Cherechedzai, cherechedzai, aitura sokunge akanga ari Mwari pachaKe. Eria akataura sokunge aiva Mwari pachaKe, “Dova harisi kuzowa kubva Kudenga kusvikira ndaridana.” Ameni! Hongu, changamire. Muporofita akanga agara nguva yakareba ari muHupo hwaMwari!

<sup>62</sup> Vaporofita vemuTestamende Yekare, kana nguva ipi zvayo, kana vachinge vagara muHupo hwaMwari kusvikira vave Shoko, Mharidzo yavo iShoko pachezvaRo. Uye, rangarirai, akati, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Zvino ipapo varume ivavo vaiti kana vaine mashoko anobva kuna Mwari, vanobva vanyatsoputirwa zvokuti kana kufunga kwavo ivo. . . Zvinogona kunge zvanga zvichipesana nekufunga kwavo, vanogona kunge vainge vasiri ku—kunyatsozviona zvakanaka. Asi vainge vari kutaura Shoko raMwari, “ZVANZI NAJEHOVHA.”

<sup>63</sup> “Hakusi kuzova nemvura inonaya kusvikira ndaidana.” O, chitaurwa chakadini! Anga ambenge ari muHupo hwaMwari uye ndokusimbiswa zvakanaka. Uye, rangarirai, izvozvo zvinoteverawo Amosi 3:7, “Jehovha Mwari hapana chavanoita kunze kwekunge Vatotanga vazvizarurira kuvaranda vaVo vaporofita.” Ndokuti, “Hapana mvura iri kuzonaya!” Akatanga. . .

<sup>64</sup> Vakamuseka, vakafunga kuti aipenga, “Mupengereki uya!” Asi, munooni, akanga aine ZVANZI NAJEHOVHA yokuti kwakanga kusiri kuzonaya. Zvino, Mwari, vasati vaziita, Vakavizarura kuna Eria muranda vaVo. Uye akanga ari muporofita akasimbiswa, akaratidzwa, saka vanhu vaifanira kunge vakatendeuka. Asi, panzvimbo paizvozvo, vakamuseka, ndokuti, “O, tine mvura inonaya yakawanda! Madhamu akazara. Nzizi dziri kuyerera zvakanaka.”

<sup>65</sup> Bhaibheri rakataura kuti, “Kwakanga kusina kana dova kwemakore matatu nemwedzi mitanhatu.” Hova dzose nemvura dzose dzakawoma, kwese zvako. Akanga asiri murume uya, vakanga vari Mwari vaitaura nemumurume uyu. Ndiye “Ini” iya. Tinogara tichiziva. Saka iye. . .

<sup>66</sup> Tinoona kuti kana munhu akauya, atumwa achibva kuna Mwari, akagadzwa naMwari, aine ZVANZI NAJEHOVHA yechokwadi, mharidzo nemutumwa chinhu chimwe chete. Nokuti anenge atumwa kuzomiririra ZVANZI NAJEHOVHA, Shoko neShoko, saka iye nemharidzo yake zvimwe chete.

<sup>67</sup> Munhu wesangano ari pasi petsigiro yesangano, iye nekereke chinhu “chimwe.” Mudzidzi webhaibheri pasi pedzidziso yebhaibheri, yakagadzirwa nerimwe sangano, iye nemharidzo yake vamwe chete; kereke yedzidzo yebhaibheri, mudzidzi webhaibheri. Ndizvo chaizvo.

68 Saka kana munhu akauya neZVANZI NAJEHOVHA, iye neMharidzo chinhu chimwe chete. Zvino Eria paakauya neZVANZI NAJEHOVHA, iye nemharidzo yake vakava chinhu chimwe chete. Sezvakaita Jesu, paAkauya, Akanga ari Shoko, Mutsvene Johane 1. Saka Shoko raMwari nemutumwa wezera chaive chinhu chimwe chetecho, nguva dzose. Ndizvo chaizvo.

69 Jesu aive Shoko rakanga raporofitwa nezvaro. Aive zvakanga zvakanzi nevaporofita zvaizoitika, “Mhandara ichabata mimba yozobereka Mwana uyu.” Kare-kare pakutanga, Mwari vakavaudza, ndokuti, “Mbeu yemudzimai ichakuvadza musoro wenyoka, iye achakuvadza chitsitsinhu chake.” Zviporofita zvose izvi zvakanga zvapiwa. Dhavhidhi achichema, vamwe vose vaporofita zvichidzika nemumazera ose, vaitaura nezvaKe. Akanga ari Shoko rakaratidzwa! Hareruya!

70 Zvino muri kuona here kwandiri kuedza kusvika? Ndataura nemi zviri pachena mangwanani ano. Hamuoni here simba raMwari mupenyu muKereke inorarama, Mwenga? Vanorwara vanopodzwa, vakafa vachimutswa, zvirema zvichifamba, mapofu achiona, Evhangeri ichienda musimba raYo, nokuti Mharidzo nemutumwa chinhu chimwe chete. Shoko riri muKereke, mumunhu.

71 Shoko raMwari rakanga riri muna Eria paakafamba ipapo aine ZVANZI NAJEHOVHA, ndokuti, “Hakusi kuzonaya.” Akanga asiri Eria; akanga ari Mwari muna Eria.

72 Ndakataura nguva dzakawanda, semudzimai weChristian Science akandiudza pane imwe nguva. Ndakaitaura nguva dzakawanda nezvayo. Akati, “VaBranham, munodada zvakanyanyisa naJesu.”

Ndikati, “Ndinotarisisira kuti ndicho chinhu choga chandichapindurira.”

Zvino akati, “Munoedza kuMuita Mwari.”

Ndikati, “Akanga ari Mwari.”

73 Ndokuti, “O, Akanga ari muporofita, Akanga ari munhu akanaka, asi Akanga asiri Mwari.”

74 Zvino ini ndokuti, “Zvakanaka, ndiratidze Gwaro rimwe chete rinotaura kuti Akanga asiri.”

75 Mudzimai ndokuti, “MuBhuku raMutsvene Johane, rinotaura kuti iYe ‘akachema’ paAkaenda kubwiwo raRazaro.”

76 “Zvakanaka,” ndikati, “chokwadi, Akachema. Akanga ari zvose munhu naMwari. Akanga ari munhu, achichema; asi Aitofanira kuve Mwari kuti amutse vakafa.” Ndizvo. Ndikati, “Akanga ari munhu, aine nzara; asi Akanga ari Mwari achipa chokudya kuzviuru zvishanu, nezvingwa zvishoma nehove shanu.” Ndizvozvo chaizvo. “Akanga ari munhu, arere kumashure kweigwa; asi akanga ari Mwari aive maAri

aikwanisa kunyaradza mvura.” Nokuti sei? Iye neMharidzo yaKe vaive vamwe chete.

<sup>77</sup> Iye akati, “Ini naBaba vaNgu tiri mumwe. Baba vaNgu vanogara maNdiri.” Akanga ari huzaro weHumwari mumutumbi.

<sup>78</sup> Ndinofunga kuti zvakanga zvichinyatsoshamisa pane rimwe zuva, pandakanga ndichiunza *Mazera Manomwe EKereke*. Pakutanga, handi—ndina kunzwisisa Jesu akamira ipapo aine zviya... aine zvichena zviya mumusoro waKe saizvozvo, ndokuti, “Vhudzi raKe rakanga riri jena semakushe egwai.” Handina kugona kunzwisisa kuti murume ane makore makumi matatu nematatu okuzvarwa anoita musoro muchena.

<sup>79</sup> Ndakafonera mudzidzi webhaibheri akanaka, mudzidzi webhaibheri wePentekosti, shamwari yakanaka inodikanwa. Saka, akanga ari Hama Jack Moore. Akangwara, murume akachenjera. Akati, “Hama Branham, ndiJesu abwinyiswa. Ndiwo maratidzikiro aAkanga ave mushure mokubwinyiswa kwaKe.” Kwete, handina kugona kuzvitenda. Kwete.

Ndi—ndi—ndikati, “Zvakanaka, Hama Moore, maita henyu.”

<sup>80</sup> Ndakapinda mukamuri imomo zvino ndokutanga kutaure naMwari. Ndakatarisa munobatanidzwa ndima dzakafanana kuti ndiMudzose munaDhanieri, pazvinonzi, “Zvino akasvika pane Mukweguru paMazuva Ane vhudzi rakachena semakushe.” Ndikati, “Ishe, ini—ini—ini handizive zvokutaura, uye ndine mungava webasa.” Zvino, paive pasati pava ne... uye rangarirai, Zvisimbiso Zvinomwe zvisati zvazarurwa, kuda gore rimwe kana kudarika, zvisati. Ndainge ndiri kunamata ipapo, “Ishe, chaive chii?”

<sup>81</sup> Zvino ndakatarisa, pakamira mberi pangu, zvino paive pakamira murume uyo akanga ari mutongi wemhosva, zvino akanga akapfeka wigi chena. Vatongi vakare vemumazuva akare vaipota vachipfeka wigi chena kuratidza kuti ndiye aiva simba repamusoro-soro.

<sup>82</sup> Uye zvino pandakaona Jesu akapfeka wigi chena, ndakati zvinongosimbisa chokwadi chatinoziva, kuti ndiYe Simba Repamusoro-soro. Mwari vakapupura chinhu chimwe chete paGomo Rokushandurwa, ndokuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu, Munzwei, Simba Repamusoro-soro!”

<sup>83</sup> Zvino shure uko pakutanga kweZvisimbiso Zvinomwe, apo Ngirozi dziya nomwe dzakadzika pasi muchimiro chiya chepiramidhi, ndokumira ipapo ndokundiudza kuti ndidzokere kuno ndigotaura pamusoro peZvisimbiso Zvinomwe zviya, uye Aizenge aineni, Aizondiratidza zvazvaive, zvinhu zvakararika. Nguva dzose ndaifunga kuti zvaive zvakasimbiswa seri kweBhuku uye kuti zvaizenge zviru zvimwe zvinhu zvisina kunyorwa muBhuku, asi zvakazooneka kuti

zvazvivikanwa kuti haAkwanise kuita zvakadaro. Hachisi chimwe chinhu chakanyorwa muBhuku...Chimwe chinhu changa chakavanzwa muBhuku. “Nokuti uyo achatora Shoko rimwe chete kubva maRiri kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri...” Saka ichakavanzika changa chiri muBhuku mumazera manomwe ekereke. Rimwe nerimwe rairatidza cha—chakavanzika, zvose pamusoro perubhabhatidzo mumvura nezvimwe zvinhu zvose izvi zvavakatsvanzvadzira mazviri kwenguva refu.

<sup>84</sup> Zvino izvozvo pazvakakwira mudenga, nzvimbo dzekunzvera zvemuchadenga huru kubva zasi muCalifornia, kusvika zasi muMexico, kumusoro kuTucson, kwese hako, vachitora mufananidzo waRo. Chaiva chionwa chinoshamisira. Hama Fred Sothmann avo, vagere kumashure chaiko uko, neni neHama Gene Norman, taive takamira tiripo ipapo paRakaenda mudenga. Vakatora mufananidzo, nazvino havazive nezvazvo. Pano nguva yapfuura, munhu wese aiti, “Onai pano. Ichi chinoratidzika sezvakati, zvino aya mapapiro eNgirozi, kuti akapeterwa imomo.”

<sup>85</sup> Rimwe zuva, ndokuitendeutsira kurudiyi, ndakatarisa, heunoi uyu Jesu Kristu akanyatsoita sekudhirowewa kwaAkaitwa naHofmann. Ainge akamirira ipapo akapfeka wigi chena, akatarisa zasi kune nyika, kuratidza kuti ndiYe Simba Repamusoro-soro. Matenga anozviratidza, Bhaibheri rinozviratidza, Mharidzo inozviratidza, zvose hazvo. Simba Repamusoro-soro, akapfeka wigi chena; munoono ndevu dzaKe nhema pasi. Vazhinji venyu makaona mufananidzo uyu. Tinawo kumashure uko. Ingoutendeutsira kurudiyi, nepadivi, woutarisa. Heunoi uYo, zvakanyatsokwana sezvazvaive, kunge waiva mufanakiso waKe. Vari kuutarisa nekudivi risiri iro. Unofanira kuutarisa nekudivi chairo. Uye Ishe Mwari voga ndivo vanokwanisa kuzarura kuti nderipi divi chairo. Utendeutsire kurudiyi ugoutarisa. Heunoi uYo, zvakanyatsokwana, kunge dai mufananidzo wakatorwa kumusoro uko.

<sup>86</sup> Panguva yandakaMuona kekutanga, Airatidzika seMusoro wa...Hofmann. Handina kumbobvira ndakambozviona kumashure. Zvino mutabhenakeri yaBilly Sunday, makore akazotevera, ndakauona. Imba yangu haina kuzombogara isina imwe yemifananidzo iyi kubvira ipapo.

<sup>87</sup> Zvino, pano muchadenga, ndichitaura kuti Mwari wacho wandakaona kumusoro muchiratidzo kunze uko, ndingori mukomana muduku kuno uku apo pakamira imba yechikoro, Airatidzika saizvozvo. Zvino pano muMatenga, makore makumi matatu nematatu akazotevera, ndokuzviratidza, kuti ichokwadi. Ndiwo maratidzikiro aAkaita; kwete chimwe chisinganzwisike chepfungwa yemumwe munhu.

<sup>88</sup> SemuVatican, vane mumwe—mumwe—mumwe Kristu akadhirowewa imomo, ane kadenderedzwa kachena kendebvu kana denderedzwa rendebvu dzakapoteredza chirebvu chaKe, dzakareba hafu yeinchi, dzichienda nepamusoro pemuromo waKe yeye sezvizi, zvino wodana izvozvo kuti Kristu.

<sup>89</sup> Zvabva zvandirangaridza mudhirowi wechiGiriki wandakaona pane imwe nguva mune chechi huru yakare, achiratidza zvakanga zvakaita Adhama naEvha; vairatidzika sezvika kanawo zvimwe zvinhu. Ndizvo zvinogona kufungwa nepfungwa yenyama pamusoro pechinhu chemweya. Ndinofunga kuti Adhama akanga akarurama pachiso kudarika murume wese ati amborarama, yeye Evha aiva mukadzi akanga akakwana pane zvose.

<sup>90</sup> Zvino pfungwa dzenyama dzinopotira Chinhu mupfungwa dzavo, zvino Mwari vanotumira zasi zvino vobhedhenura Chinhu neSimba raVo. Ndizvo chaizvo zvakaitika pano mumazuva aAhabhu.

<sup>91</sup> Iye zvino, tinoona kuti Eria aigona kutaura zvakadaro nokuti Mharidzo yenguva pamwe neShoko raMwari... Mutumwa, Mharidzo—Mharidzo, neShoko, zvaive chaizvo chinhu chimwe chete. Muporofita, Shoko, Mharidzo; mutumwa, Mharidzo, neMharidzo, zvaive chimwe. Jesu akati, “Kana ndikasaita mabasa akanyorwa nezvaNgu, zvadaro musaNditenda.” Zvakanaka izvozvo. Munhu upi zvake nemharidzo yake vamwe chete.

<sup>92</sup> Ndicho chikonzero nhasi vasingatendi mukuita mabasa aMwari, nokuti havagamuchire Mharidzo yaMwari. Havatendi Mharidzo.

<sup>93</sup> Asi avo vanotenda nguva yaMwari yatiri kurarama mairi, zvinhu izvi Chikafu chakavanda. Chingofungai, Mwari vakanyatsoChivanza zvokuti vanonyatsoChitarisa asi havaChione. Nzira imwe chete apo Eria akapofomadza hondo yevaSiria. Nzira imwe chete iyo Mwari vanopofomadza uyo vasingatendi kubva paChikafu chokwadi chemazviro kwazvo chemwana, mutendi.

<sup>94</sup> Zvavaidana Noa kuti, “mupengereki,” achivaka areka, meso ake akanga akazaruka kuShoko raMwari nevimbiso. Icho chinhu chacho chavaiti kupengereka, chakaponesa Noa nemhuri yake. Munoono, chinhu chimwe chete ichocho. Chinhu icho chinosekwa nevanhu, ndicho chinhu chatinonamatira. Chinhu chinonzi nevanhu “kupenga,” tinoti “Chikuru!” Chinhu chinonzi nenyika “chikuru,” Mwari vanoti “hupenzi.” Zvino chinonzi nenyika “hupenzi,” Mwari vanoti “Chikuru!” Kunongori chaiko kupesana kweChakanaka nechakaipa. Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>95</sup> Rangarirai, akaenda panzvimbo yake yakavanda nezano raMwari, nekudana kwaMwari, neShoko raMwari. Eria akaenda



panzvimbo yake yakavanda nekufanoziva kwaMwari, zano, uye nekudanwa kwaive pahupenyu hwake, uye nemaererano neShoko. Kana asiri iwo mapindiro atakaita, handizive kuti tinosvika sei ikoko.

<sup>96</sup> Uye cherechedzai, kushaikwa kwemvura kusati kwatanga, Eria akaenda panzvimbo iyi yakavanda kuti ararame. Mufananidzo chaiwo wenguva iyo apo kutongwa kusati kwatanga kurova nyika, Kereke inenge yatodanwa kare, Mwenga unenge watosarudzwa kare, zvino unenge wakangomirira kutongwa kusati kwarova. Watomirira kare, uchidya Chikafu chaMwari, vachifadzwa nemaropafadzo aMwari. Chero munhu upi zvake ane pfungwa dzake dzakakwana anoziva kuti tiri kuenda takanyatsonanga, tiri chaimo munguva yokutongwa.

<sup>97</sup> Onai! Hama Banks, vakawanda venyu varume vari pano manheru ano, vainge vakamira pagomo riya mangwanani aya.

<sup>98</sup> Zvino ndinoda kutaura pamusoro pegomo irori, mangwanani eSvondo inotevera, Ishe vachitendera. Ndine chizaruro chikuru, chimwe chinhu chiri kumberi chokuti ndiri kutotadza kusachitaura manheru ano. Asi ndine. . . Maona? Uye chiri kungoramba, nguva dzose, chimwe chinhu chichingoitika mumashure mechimwe. Maona? Hachisi kuzomira kuitika, nokuti yaiva ZVANZI NAJEHOVHA.

<sup>99</sup> Mumwe nomumwe wenyu pano, zviuru zvakapetwa nezviuru patepi, vakandinzwa ndakamira ndichiti, “ZVANZI NAJEHOVHA, zvichaitika kuti nemukuti.” Uye kunyange mapepanhau nemamagazini akatoratidza kuti ndizvozvo. Havazive kuti zvinorevei, asi vakazviona. Havazive kuti chii, asi vakazviona, zvichiita kuti Shoko rive chokwadi nemazvo.

<sup>100</sup> Takanga takamira zasi kuno parukova, apo Mutumwa waJehovha akadzika pasi musi iwoyo, makore makumi matatu nematatu, kana kuti yaive 1933, ndokudzika pasi zvino ndokutaura zvinhu zvaAkaita. Ndokufamba ndichibuda, uye varume vakawanda vaive vakamira pamahombekombe ipapo, ndokuti, “Zvanga zvichirevei izvozvo, Billy?”

<sup>101</sup> Ndikati, “Zvanga zvisinei neni; zvanga zviri zvenyu. Ini ndinotenda; imi hamutendi.” Zvino ndokuramba ndichifamba ndichienda.

<sup>102</sup> Zvino mufudzi akataura kwandiri, akati, “Unoreva here kuti iwe, une dzidzo yegrade-seven, uri kuzoenda kwese pasi rose uchinamatira madzishe nevaremekedzwa nemadzimambo nezvimwewo? Uye, o,” ndokuti, “kanganwa nezvaZvo!”

<sup>103</sup> Handina kugona kuZvikanganwa, Zvakanga zvakaita zvokutemerwa pamoyo pangu. Zvino pano, makore makumi matatu nematatu akatevera, zvose zvaAkataura zvakaitika nenzira chaiyo yaAkataura kuti Aizoita nayo. Iye ndiMwari

uye haakundiye. Anochengeta Shoko raKe nguva dzose. Iye... Usambofa wakaZvipokana.

<sup>104</sup> Zvino, cherechedzai, akaendako nezano raMwari (kufanoziva), kudana kwaMwari, neShoko raMwari, zvino ndokupinda kushaikwa kwemvura kusati kwatanga.

Iye zvino, tinoziva kuti kutongwa kwagadzirira kurova.

<sup>105</sup> Ndakamira pachikomo nezuva riya, Hama Banks Wood vakamira pano, takanga tichifamba tichikwira chikomo. Pamwe ndizvitaure zvakare, kuitira kuti zviumbe kutenda kwenyu kuitira mutsara wekunamatira wave kuda kuitika mumaminitsi gumi, gumi nemashanu anotevera. Ndakanga ndiri kungofamba ndiri pamberi peHama Banks. Vakanga vari... Ndinofunga kuti vakanga vasiya Hanzvadzi Ruby vachirwara. Zvino ivo vachitevera mumashure mangu, ndakacherechedza chiso chavo, chakatsvuka. Ndakacheuka. Ndakafunga kuti chikomo chinogona kunge chakavaomera zvishoma kuchikwira, saka ndakatanga kufamba zvinenge zvishoma. Imomo chaimo mumagwenga, kuenda nepamusoro pezvikomo *zvakadai*, ipapo chaipo pakauya Ngirozi dzaJehovha. Takanga takananga ikoko chaiko zvino, uko kwaDzakanga dzaonekwa mwedzi mishoma yakanga yapfuura.

<sup>106</sup> Zvino pandakakwira chikomo, Mweya waMwari... Pandakatendeuka, ndokutarisa pamusoro pegomo, Akati, “Nhonga dombo iro, uti kwaari, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, uchaona Kubwinya kwaMwari mumaawa mashoma anotevera.’”

<sup>107</sup> Ndakangonhonga dombo racho, zvino ndokuti, “Hama Banks, handizive kuti sei,” ndokurikandira mudenga, zvino ini ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, uchaona Kubwinya kwaMwari mumaawa mashoma anotevera.”

Akati, “Zvanga zvichirevera Ruby here?”

<sup>108</sup> Ndikati, “Kwete, handifungi kuti zvanga zviine chekuita newe, Banks kana Ruby, kana chero ani wenyu. Ndinongofunga kuti Zvanga zvichingoti, ‘ZVANZI NAJEHOVHA, chimwe chinhu chiri kuzoitika.’”

<sup>109</sup> Zvino mangwanani akatevera patakanga takamira ipapo, varume vakawanda, handizive kuti vangani vakagara pano zvino, pakanga paine gumi nevaviri kana gumi nevana, gumi nevashanu taivepo takagara ipapo. Kamwe-kamwe, mumwe mushumiri akafamba ndokuuya kwandiri zvino iye ndokuti, “Hama Branham,” akati, “zita rangu ndinonzi *Nhingi-nhingi*.” Ndokuti, “Ndaive mumwe wevakakutsigirai nemari muCalifornia.”

<sup>110</sup> Ndikati, “Ndafara kusangana nemi, changamire.” Douglas McHughes. Akati, “Ndiri...” Ndikati, “Ndafara kusangana nemi.” Ndokugwinhana chishanu naye.

<sup>111</sup> Iye ndokuti, “Saka, zvino, ndinoda kukubvunzai mubvunzo.” Akati. . . Roy Roberson, mutirastii pano; Hama Wood, Terry naBilly, uye, o, Hama McAnally, zvino handichaziva kuti ndiyani vose vakanga vakamira ipapo. Zvino ini. . . Akati, “Ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.” Akati, “Ko Ishe vanombokupai zviratidzo here kunze sekuno?”

<sup>112</sup> Ndikati, “Hongu, hama, asi ndinouya kunze kuno kuti ndiite sokubva pazviri, kuti ndizorore.”

Ndakatarisa kwese-kwese *sezvizi*, zvino ndikaona mumwe chiremba mufemu akamutarisa, akati, “Mufundisi McHughes, chirwere ichi chiri muziso renyu nenguva isipi chichapofomadza ziso renyu. Ndakurapai kwemakore maviri, zvino hapachisina zvandichagona kuita nezvaro.”

Zvino ndakatendeukira kwavari. Ndikati, “Zvamandibvunzira izvozvo, chiremba wenyu akakuudzai, rimwe zuva, ‘Ichi chirwere changa chiri muziso renyu.’” Yakanga iri nguva yepakati pezuva, kuda eleven o’clock, uye vakanga vakapfeka magogorosi. Ndikati, “Chikonzero; hamuna kuapfeka kuitira zuva, chikonzero ndechekuda kweziso renyu. Akakuudzai kuti makanga ‘muri kuzorasikirwa neziso iroro.’”

Zvino vakatanga kuchema, ndokuti, “Ndizvozvo chaizvo.”

<sup>113</sup> Ndakatendeuka kuti ndifambe zvakare, ndiine foshoro muruwoko rwangu. (Zvino ndakatarisa; ndakavaona vakamira ipapo vakanditarisa, maziso avo achingopenya.) Ndikati, “Asi ZVANZI NAJEHOVHA, hamusi kuzorasikirwa neziso iroro.” Ndakanga ndiri kuvhima navo mumatsutso akapfuura, vanokwanisa kuona zviri nani paneni kana mumwe ari mugungano. Haana kumbobvira. . .

<sup>114</sup> Zvino ndakaona mudzimai wechikuru achidzikisa masitokononzi ake ndokusimudza divi rerokwe rake. Mudzimai akati, “Mwanangu, kana ukange waona Hama Branham, vaudze kuti vanamatire tsoka dzangu.” Zvino ndakatarisa pasi ipapo, zvino zviduku. . . zvairatidzika semhopo dzakanga dzakaremba patsoka dzavo, pose hapo.

<sup>115</sup> Ndikati, “Amai vako mudzimai akachena musoro. ‘Mwanangu,’ uri kuona. Vakakuudza usati wauya, kana uchinge wandiona, uite kuti ini ndinamatire tsoka dzavo. Vane zvinenge mhopo, kunge, zvakaremba zvakazara patsoka yavo.” Vakapotsa vafenda.

Vakati, “Ichocho ichokwadi.”

Ndikati, “Vataurirei kuti vasanetseka. Zvichaita zvakana.”

<sup>116</sup> Ndakatanga kufamba-famba. Zvino ndakanzwa Inzwi raMwari richitaura, rikati, “Ibva munzira, nokukurumidza.”

Roy Roberson akanga akamira ipapo, ndichiziva kuti akanga ari gamba remuhondo, ndakaisa ruwoko rwangu pabendekeke

ravo, ndikati, “Hama Roy, vandai, nokukasika sokukwanisa kwenyu!”

Vakati, “Chii chanetsa?”

Ndikati, “Ibvai munzira! Vandai!”

<sup>117</sup> Zvino ndakatanga kufamba-famba, ndokuisa foshoro yangu pasi, ndokutendeuka, ndokubvisa nguwani yangu. Zvino heunoi Akauya, Kubwinya kwaMwari kuchidonha kuri muchamupupuri chakapamura divi regomo sezvizvi, ndokuputika ndokuzunguza nzvimbo iyi saizvozvo, ndokudimbura misoro yemakwenzi; zvingaita mafiti matatu kana mana, mashanu pamusoro pemusoro wangu. Ndokukwira chichidzokera sefanera saizvozvo; Chakaputika zvakare. Zvino, heChinoi chichiuya, katatu.

<sup>118</sup> Zvadaropachakaenda, kechitatu, Hama Banks vakauya pandaive, ndokuti, “Ndizvo zvamaitaura nezvazvo?”

Ndikati, “Hongu.”

Ndokuti, “Changa chiri chii?”

<sup>119</sup> Ndikati, “Mwari vanoonekwa muzvamupupuri.” Ndakanga ndisiri kuziva kana Vaida kuti nditaurire vanhu kana kuti kwete.

<sup>120</sup> Zvadarondakaenda ndokunonamata zvisroma. Zvino Vakandiudza kuti ndaigona kuvataurira. Ndakati, “Kutonga kuri kurova kuMahombekombe eKumadokero.” Atarisei nhasi uno! Tarirai zvakazoitika maawa mashoma mushure maizvozvo: Alaska yakanyura. Zvino chinhu chose ichi chiri kuzoenda pasi. Tiri kupinda mukutongwa. Tsitsi dzakarambwa.

<sup>121</sup> Asi tinotenda Mwari, tine Chikafu chakavanda, Chikafu chepamweya, zvokuti tiri kurarama pakunaka netsitsi dzechizaruro chaJesusu Kristu mumazuva ano okupedzisira, achiZvisimbisa pakati pevanhu vaKe. Ameni! Vakapinda mukati. Eria akapinda kushaikwa kwemvura kusati kwatanga. Tinotenda Mwari nokuda kwekuva mukati kutongwa kusati kwasvika. Iye zvino ndiyo nguva yekubuda kunze nokupinda mukati, kubuda kubva mumasanganano aya nokupinda muna Kristu, nguva yekubuda neyekupinda yevatendi vose vechokwadi.

<sup>122</sup> Zvino akadanwa, ndokugara ipapo. Rangarirai, haana kumbosiya hova iyi kusvikira Mwari vamudana.

<sup>123</sup> Zvino mushure mokunge kushaikwa kwemvura kwave kuda kunopera, Vakamudana kuti abude kubva ipapo, aende kuimba yeshirikadzi. Cherechedzai, Vakamudanira kushirikadzi iyi. Zvino shirikadzi iyi yakanga isina kuzvibanidza nevasingatendi; kutora munembo wechikara munguva yekushaikwa kwemvura. Saka Vakaidanira kunze kuti... ndokudana Eria kuti ariritire shirikadzi iyi. Vakanga vachingori nekeke duku rimwe chete, chinhu chimwe chete chiduku

chaakanga akabatirira pachiri. Zvino Eria akati, “Ndipe ichocho, kutanga. Nokuti, ZVANZI NAJEHOVHA, dengu iroro reupfu harisi kuzosara risina chinhu kana chinu chemafuta hachisi kuzopera, kusvikira pazuva iro Ishe Mwari vachatumira mvura panyika.” Kuisa Mwari kutanga, Shoko raVo kutanga!

<sup>124</sup> Cherechedzai, mainge muine upfu mudengu. Nguva dzose paaienda kunotoro upfu, mainge muine upfu mudende. Mainge muine mafuta muchinu, nguva dzose paaiendako. Sei? Upfu hwaimiririra Kristu muchipiriso cheupfu. Huyo dzacho dzaifanira kugadzirwa zvakakanaka, kuti dzigokuya zvose. Tsanga imwe neimwe yeupfu uhwu yaifanira kunge yakafanana, kuratidza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Rakanga riri Shoko, Chingwa cheUpenyu chinotevera mharidzo, kusimbisa Shoko.

<sup>125</sup> Saka ndizvo zvazviriwo nhasi, vashamwari. Saka ndizvo zvazviriwo nhasi, kuti Chingwa chiya cheUpenyu chinodiwa nevana, vanotevera Mharidzo yaMwari, kuti chivachengete munguva yekushaikwa kwemvura. Ko dai Amira muhupo hwedu nhasi? Ko dai Amira muhupo hwedu iye zvino? Aizozvibata nokuita chaizvo sezvaAkaita mumazuva ayo paAkanga ari munyama ari pano pasi. Mwenga chikamu cheMurume, Kereke yakafanana naKristu. “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaita.” Uye iShoko rakazviita. Akatiudza kuti zvinhu zvaAkaita nesuwo tichazozviita.

<sup>126</sup> Tinocherechedza pano zvakare, kana Shoko riri matiri uye rauya kwatiri, sezvaRakaita Eria muzuva iroro, Richaita zvimwe chete zvaakaita, anozodya Zvinhu zvakavanda zvaMwari izvo zvakavanzwa kubva kunyika. O! Zvakare, zvinoita kuti Mharidzo nemutumwa vave chimwe. Chikafu chepamweya chagadzirira, uye Chiri mumwaka zvino. Uye mumwe nomumwe wenyu anokwanisa kuva neChikafu kana uchiChida, kana uchida kuverevedza uchibva pane kusatenda kwese kwenguva ino, kana wakagadzirira kuuya muna Kristu, uya muvimbiso yaKe.

Uye rangarirai vimbiso dzaKe, muna Maraki 4, Ruka 17:30, uyewo muna Mutsvene Johane 14:12, nemamwewozve Magwaro, anotaura, Joere 2:38, pamwe nezvose zvaAizoita, kana kuti 2:28, waro, izvo zvaAizoita mumazuva ano okupedzisira. Uye kuti muporofita akataura kuti kuchava neChiedza mumazuva ano okupedzisira, kuti Chinozoshanda sei, izvo zvaChaizoita, ose Magwaro akanongedzera kumazuva ano okupedzisira. Zvino ndiKristu! Kana ukagona kuvanda iMomo zvino, muNzvimbo iyi yakavanda, unogona kudya nekuona kunaka netsitsi dzaMwari. Kana uchirwara, mune kupora imomo.

<sup>127</sup> Munorangarira paya Erisha, nguva yakatevera, akadana . . . Mushure mechipiriso chiya cheupfu chaakava nacho, Kristu, ndokuriritira mhuri yeshirikadzi naCho. Cherechedzai

munguva yakatevera paakadana moto pasi uchibva kumatenga, nezvakadaro, uye ndokuratidza kutumwa kwake, naMwari, Mweya wemuporofita.

<sup>128</sup> Cherechedzai murenje, paakanga arere pasi pemuti wemujunipa, Ngirozi yakauya nekudya kumwe chete, ikabika makeke ndokumupa kuti adye. Nguva shoma yakatevera Yakamuita kuti arare zvakare, ndokumumutsa, akanga aine mamwezve makeke eupfu aakabikirwa. Zvino akaenda pasi pesimba remakeke aya kwemazuva makumi mana. Kubwinya kuna Mwari! Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. O, tinoMuda zvakadini, Chikafu chepamweya mumwaka waCho!

<sup>129</sup> “Hazvina kufanira kutora chingwa chevana nokuchipa kuimbwa.” Ko Jesu haana here kutaura zvimwe chete kumudzimai weSirofonike? Akatumwa kune aVo vekwaKe. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndivo vaAkavinga...Haana kumboenda kune vaHedheni.

<sup>130</sup> Iye zvino Anoshanyira vaHedheni munguva yavo, uye hazvina kufanira...

<sup>131</sup> Munoti, “Ko sei Mharidzo isingaendi kunze munzvimbo huru idzi, makrusedhi makuru, sepakati pemasangano?”

<sup>132</sup> Hachisi Chikafu chavo. Hachisi icho kereke, chainoti, Chikafu. Chikafu cheMwenga. Chikafu chepamweya mumwaka. Chinovarwarisa nemudumbu. Chakanyanyisa kuve chakapfuma kwavari. Maona? Maona? Iwe—iwe—iwe haukwanise kuzviita. Asi, kuvana, iChocho Chingwa, iChocho Hupenyu, NdiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>133</sup> Tave kuzononoka kana tikasatanga mutsara wekunamatira iko zvino, saka ngatikotamisei misoro yedu kwechingvana.

<sup>134</sup> Mwari Vanodikanwa, Chikafu mumwaka wakafanira, Chikafu chepamweya. Chimwe chinhu chisingazivikanwe nenyika. Apo tinonzwa Ishe vedu vachiti usiku huya, kana zuva riya paSamaria, nzvimbo imwe chete yakasvikwa naErisha ndokuti, “Saka, dova harisi kuzodonha kusvikira ndaridana.” Hepanoi pakamira Jesu ipapo achiudza vadzidzi vaKe.

Vakati, “Tenzi, sei Musiri kudya?”

Iye ndokuti, “Ndine Chokudya chamusingazive nezvacho.”

<sup>135</sup> Zvirokwazvo, Ishe, Chikafu chaKe kwaive kuita kuda kwaMwari, kuona mabasa aMwari achiratidzwa munguva yaKe. Aivepo kuti aone kuti zvaitwa. “Hapana chaNdinoita kunze kwekunge Baba vaNgu vaNdiratidza kutanga. Izvo zvaNdinatoratidzwa naBaba, ndizvo zvaNdinoita.”

<sup>136</sup> Uye, Baba, ndizvo zvazviri nhasi. Kereke, mutendi wechokwadi, Mutumbi wevatendi, vane mukana wekuwana Chikafu, Chikafu chepamweya, chisingazivikanwe nevemachechi. Nyika hapana chainoziva nezveChikafu

ichi, Baba. Asi Kereke yeNyu, vanhu veNyu, Mwenga weMwanakomana weNyu, vanoChida.

<sup>137</sup> Tine mukana wekuwana kupodzwa kwemitumbi yedu kana vanachiremba vachinge vakundika. Tine mukana wekuwana ichi. Ndicho chimwe cheZvikafu zvaMwari, zvaAkapa kuKereke yaKe, ndokuzvivimbisa mumazuva okupedzisira kuvana vaKe vanotenda. Baba, tibatsirei kuva vana vanotenda, nokuti zvinhu zvose zvinogoneka kuvatendi. Zviitei, Mwari Vanodikanwa. Tazvikumbira nemuZita raJesu. Amen.

<sup>138</sup> Ndinotenda Billy andiudza kuti vapa makadhi omunamato. Kana mumwe munhu akandiudzawo vara riri pakadhi romunamato, ndizvo zvoga zvandiri kuda. [Mumwe munhu anoti, “C.”—Mupepeti.] C, zvakanaka, ngatitorei C, poshi, totanga, kusvikira mutsara wedu watangiswa. Munoono, zvino, vanogona kunge vari kwese-kwese. Iye zvino, kana munhu wese. . . Zvakanaka, munoono, ndichaedza izvi. Handizive kana tikakwanisa kuzviita kana kuti kwete. Kana kuti tinogona kungova nemutsara wekudaidzira; imi garai ipapo. Hazvina basa kwandiri. Kana muri mungada kuuya pano papuratifomu, kana kuva nemutsara wekudanidzira, hazvina basa, chero ipi nzira. Ini ndiri kuvimba bedzi neMweya Mutsvene. Ndiri kuvimba naYe kuti atsigire Shoko iri randaparidza.

<sup>139</sup> Hama George Wright, ndinoRitenda. Kubvira ndiri mukomana muduku, ndichiuya kumba kwenyu makore akawanda apfuura, ndichiteerera kadhimba kaya kaive kagere mumuti, ndichiri kutenda Mharidzo imwe chete. Ndinotenda kuti Imwe chete.

<sup>140</sup> Zvakanaka, ndinoona kuti vari kugadzira nzvimbo kumashure kuno uku kuitira mutsara wemunamato. Zvakanaka, kadhi romunamato C, nhamba poshi, piri, tatu, ina, shanu, uyai kutanga mumire pano chaipo. Kana usingagone kusimuka, chingosimudza ruwoko rwako, vamwe vavo vanouya vokutakura. [Mumwe munhu anotaura naHama Branham—Mupepeti.] Chii? Hongu. Uh-huh. Kadhi romunamato C, poshi, piri, tatu, ina, shanu. Zvino cherechedzai, imi musina kadhi romunamato. . .

<sup>141</sup> Zvino, handina kumbova nemhando yakadai yemutsara wemunamato kwenguva yakareba, kwazvo. Vangani vanorangarira kutumwa kwangu patakavaka Tabhenakeri pano? Zvakanzi, “Ita basa remuvhangeri.” Hazvina kunzi ndiri muvhangeri. Zvakanzi, “Ita basa remuvhangeri,” muri kuona, “nokuti nguva ichauya apo izvozvo zvichazoshandurwa.” Nguva iyoyo yave kusvika. Zvakanaka. Zvino, mune izvi, iYe. . .

<sup>142</sup> Haukwanise kusanganisa pamwe chete shumiro mbiri kana nhatu dzakasiyana, mufudzi nekuvhangeri, panguva imwe chete. Haukwanise kuva mu—muporofita uye pamwe nemufudzi,

panguva imwe chete, munoona, nokuti mune mabasa akasiyana, shumiro yakasiyana.

<sup>143</sup> Asi Ishe vakandipa zvandinofanira kuita muMharidzo yangu. Asi Vakazoti, “Ita basa remuvhangeri, usimbise shumiro yako zvizere, nokuti nguva ichasvika pavachange vasisade Dzidziso yakarurama.” Ndokunge kana zvisati zvauya zvino! Kereke imwe neimwe yesangano yakandiramba. Havagoni kugamuchira Dzidziso yakarurama. “Asi zvichienderana nokuchiva kwavo vachaunza vadzidzisi vavo, zvino vanozopiwa ngano. Uye vachaita zvinhu zvikuru saJambure naJani avo vakamisidzana naMosesi, asi hupenzi hwavo hucharatidzwa.” Maona? Maona? Zvakanaka, kutevedzera! Munoona kuti Jambure. . .

<sup>144</sup> Zvino, Mwari vari Kudenga vanoziva, zviru imomo chaimo mudombo repakona reTabhenakeri kubvira muna 1933, zvakanorwa papeji yeBhaibheri, iri imomo chaimo. Onai maitiro avakazviita. Onai zvakaitika. Kutevedzera, chaizvo nemazvo. Zvikanzi, “Varegei vakadaro, hupenzi hwavo huchazivikanwa nenzira imwe chete sehwaJambure naJani.” Hezvino tiri pano muzuva racho.

<sup>145</sup> Ndakaona kereke kareko patakanga tiri kuisa dombo repakona, vanhu vakabatirira pamahwindo nekwakapoterredza, vamire vakapoterredza madziro etabhenakeri. Hezvoka izvo. Vakati, payakasimuka ichivakwa, vanhu vemuguta pano, vakati, “Mukati memwedzi mitanhatu. . .” Isu tiine dhora rimwe chete nemasenzi makumi masere kuti tivake tabhenakeri, vanhu vakawanda vemagaraji vakanga votofunga kuti yaizova garaji ravo. Asi ichiri danga rehwei reMakwai aMwari.

<sup>146</sup> Poshi, piri, tatu, shanu, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi. C, nhanhatu, nomwe, sere, pfumbamwe, gumi. Zvakanaka.

<sup>147</sup> Zvino, “Ini Jehovha ndakaidyara, Ndichaidiridzira masakati neusiku pada vamwe vangaibvuta kubva muruwoko rwaNgu.” Tarirai kutsoropodzwa kwacho! Hapana sangano rokuItsigira. Hapana machechi akaita saiYo munyika yose ino. Hapana Pentekosti iri munyika, hapana chimwezve chinoIraramisa. Munhu wese ari kupesana nerubhabhatidzo rwemumvura, munhu wese ari kupesana nezvimwe zvinhu zvose izvi. Kunyange kumhuri yangu, baba vangu vakandidzinga kubva pamba, ndokutora hanzu dzangu dziri mukatsapo kaduku kebepa zvino ndokuenda kunogara kuNew Albany. Ndizvozvo.

Asi nemunjodzi, kushingaira nemiteyo  
zvakanwanda,  
Ndakatopfuura nemo;  
Inyasha dzandiunza ndakachengeteka kusvika  
zvino,



Ndine makore makumi mashanu nematanhatu okuzvarwa,  
uye nokukasika ndinofanira kuyambuka rwizi.

Nyasha dzichaenda neni.

Mushure mokunge ndaveko kwezviuru gumi  
zvemakore,

Ndichipenya sezuva;

Hatizova nemazuva anenge ave mashoma  
ekuimba rumbidzo yaMwari

Pane apo patakatanga.

O, ndinomuda zvakadini Jesu! Ndiye zvose kwandiri!

<sup>148</sup> O, zvakanaka, mangani anda . . . ndagumira papi, gumi? Tinogona here kutora vamwezve? Zvakanaka. Yanga iri ani, gumi, gumi neshanu? Zvakanaka. C, gumi kusvika gumi neshanu, chero kwauri, kana ukakwanisa kusimuka wopinda. Wati kudini? Huh? Zvakanaka. C, gumi neshanu kusvika makumi maviri, zvino. Regai ave C, gumi neshanu kusvika makumi maviri. Vanenge vave vanhu vawedzera negumi. Tinoona . . . Muri kuona—kuona pakamira mutsara apo, hativaite—vaite kuti vaungane. Uye ticha . . . Zvakanaka.

<sup>149</sup> Iye zvino chinyatsoteereresai kwandiri; hatisi kuzatora nguva refu. Asi, zvino, o, iawa yakadini, inguva yakadini! Ndi—ndinoshuwa kuti dai munhu wese agona kuda Ishe. Ndi—ndinoshuwa kuti dai tose takwanisa kungosvika panzvimbo iyo yokucherechedza zvinokwanisika zviri muminiti ino. Regai tizviedze. Chingoteerera kwandiri.

<sup>150</sup> Chii—chii chatiri kuedza kuita pano? Tiri kuisa Shoko raMwari pakuyedzwa. Eria akaita chinhu chimwe chete, akafamba ndokuedza pagomo mushure mokunge aziva kuti akanga atumwa achibva kuna Mwari kuti azviite. Akati, “Iye zvino ngatiratidzei kuti ndiyani Mwari, regai Mwari anopindura nemoto ave Mwari.”

<sup>151</sup> Zvino vahedheni vakazvicheka, o, vachiti, “Saka, chokwadi, kwete . . .” Va—vahedheni vakanga vachiziva kuti moto wakanga usiri kuzodonha, saka vakadanidzira nokuenderera.

<sup>152</sup> Asi Eria akanga achiziva kuti wakanga uri kuzodonha, nokuti akanga aine chiratidzo chakabva kunaShe.

Unoti, “Akanga aine chiratidzo?”

<sup>153</sup> Hongu, changamire! Paakanga ane zvinhu zvose zvakaiswa muhurongwa, akati, “Ishe, ndaita zvose izvi sokuraira kweNyu.” Zvino moto wakatanga kudonha. Kana Shoko raMwari rachengetwa vara nevara, zvino ibasa raMwari kuchiona zvimwe zvose zvasara. Anongokukumbira kuti uriradzike ipapo. Uye uve nechokwadi chokuti wakadanwa kuti uriradzike ipapo. Maona? Zvino kana wakadaro, Anozopedzisa zvose zvinenge zvasara.

<sup>154</sup> Iye zvino, pano pachange pachiyaya nevanhu nemumutsara wandichange ndichinamatira . . . Zvino, zvakanaka, mave kuda

kusvika kumadziro zvino, zvakanaka, kuti mutsara uchitanga. Zvino, kutanga, sokuti pane imwe nzvimbo muno muchivakwa, vamwe vanhu . . .

Vangani vari pano vari kurwara asi havana kadhi romunamato, simudzai ruwoko rwenyu. Munoono, kwese-kwese hako. Zvino, munoziva kana Ishe wedu . . . uye ndinotenda kuti Achazviita, kana Ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Akava nemitsara yokunamatira. Vanhu vaiuya kwaAri mumitsara yakakura kwazvo, mhomho, Akavabata, ndokubaropafadza. Zvino Akamira pane imwe nguva ndokuti, “Ndiyani waNdibata?” Ndokutarisa kwese-kwese, ndokumuudza mumwe mudzimai kuti akanga aMubatirei; zvino ndokumuudza kuti dambudziko rake reropa rakanga rapera, kutenda kwake kwakange kwamupodza.

<sup>155</sup> Ko dai ainge akatendeuka zvino oti, “Zvakanaka, handizive, Ishe, ndave nazvo kwenguva yakareba?” Zvingadai zvisina kuitika. Kwete, zvingadai zvisina kuitika. Kwete.

<sup>156</sup> Ko dai Akaudza mudzimai weSirofonike, “Nokuda kweshoko iri rawataura, mwanasikana wako, dhiyabhore abuda maari,” ko dai akati, “Zvakanaka, zvino, Ishe, nda—ndanga ndichida kuti Muzviite nenzira *iyi*”? Dhi—dhiyabhore angadai akaramba achiri mumusikana. Asi aitarisira kuwana mwana wake nenzira yaAkataura kuti aizomuwana ari.

<sup>157</sup> Zvino, Akatiudza, “Kana uchigona kutenda! Kana ukati kugomo iri, ‘Ibva,’ uye worega kuzvipokana mumoyo mako, asi uchitenda kuti zvawataura zvichaitika, unozviwana. Paunonamata, tenda kuti Unozvigamuchira, uchazvipiwa.” Ivimbiso yakadini!

<sup>158</sup> Zvino munhu anoparidza evhangeri yokufadza vanhu haazvitende izvozvo zvachose. Anofamba achienda kumukova, otarisa mukati, kana kumira ipapo, zvino oti, “Handiti, rinongori rimwe boka revaumburuki vatsvene,” zvino ofamba achienda. Maona? Asi haazive kuti ichi ndicho Chikafu chakavanda. Haazive kuti ichi ndicho Chinhu chakavanda chakavanzwa kubva kwaari. Haazvize. Zvino—zvino—zvinosiririsa, pfungwa isina kusimira, yakasuwa, bofu, uye isingazvize. Maona? Ichocho chinhu chakaipa.

<sup>159</sup> O Mwari, regai nditange ndafa, asi musambofa makanditora ndakadaro. Ndinovsa ndafa (hongu, changamire) pane kuita zvakadaro. Ndinofunga kuti mumwe nomumwe wedu anodaro, hatingatadaro here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>160</sup> Asi, zvino, Mwari vakativimbisa zvinhu izvi mumazuva okupedzisira. Muna Maraki 4, zvakanzi Jesu Kristu aizouya pasi ozviita munhu pachaKe ari munyama yemunhu sezvaAkaita paSodhoma. Ndizvo chaizvo. Uye ndokuti nyika ichange iri muchinhano cheSodhoma. Uye ndokuti, “Sezvazvaive kareko, Mwanakomana wemunhu achazarurwa nezuva iroro.”

Munoona, Murume uyu akauya zasi ikoko ari muchimiro chemunhu, uyo akanga ari “Erohimu,” kuna Abrahamama, mwana akavimbiswa asati auya. Tarirai zvazvaive, Abrahamama akati akanga ari Mwari. Uye Bhaibheri rinoti kwaiva nevarume vatatu vakauya kwaari, guruva riri panguwo dzavo, vachifamba, ndokugara pasi vakadya sevanhu. Zvino Jesu akati, “Chaipo panguva apo nyika inopinda muchinhano cheSodhoma, zvino Mwanakomana wemunhu anozvizarura pachaKe zvakare.” Kwete Mwanakomana waMwari, Mwanakomana wemunhu, munoona, anozvizarura pachaKe.

<sup>161</sup> Zvino tarisai izvozvo pamwe nezvakaaurwa nemuporofita wekupedzisira, “Tarirai ndinokutumirai Eria muporofita, uye achadzoreredza mo—moyo yevana kudzokera kumadzibaba.” Maona? Mharidzo yokuvadzosazve kuBhaibheri, uye Mwanakomana wemunhu achange achiZvizarura muzuva iroro. Uye pazuva iroro rekuridzwa kwezera rekereke yokupedzisira, mutumwa wechinomwe, zvakavanzika zvaMwari zvinofanira kuziviswa muzuva iroro. Zvisimbiso Zvinomwe zvinozopamurwa. Zvakavanzika zvemakereke ose aya nezvinhu, maitikiro azvakaita, uye nezvakaite- . . . sei, zvakaitika.

<sup>162</sup> Munoona, havaZvizive. Jesu akati, “Imi vaFarise mapofu!” Ndokuti, “Kana bofu rikatungamira rimwe bofu, havangawire here mugoronga vari vaviri?” Munoona, ndicho chikonzero vanhu ava vasingaZvioni.

<sup>163</sup> Chakavanzika chaCho, ndechokuti, Zvisimbiso zviya, imwe neimwe yemakereke yakagadzira sangano ndokupinda mariri, uye ndicho chimwe chezvinhu zvakavanda zvanga zvakatsveyama pamberi paMwari. Muri kuzviona, Chiremba Lee? Munoona, tarirai. Ndizvozvo. Ndicho chinhu chacho ipapo chaipo. Ndicho chimwe chezvakavanzika. Vakaita sangano zvino, munoona, zvino vakanga vari chaiko kunze kwekuda kwaMwari. Zvino izvozvo zvichaiswa pachena mumazuva okupedzisira, nokutungamira vanhu, kwete kuchitendwa kana sangano, asi kudzokera kuShoko rechokwadi. Zvino Shoko rechokwadi richauya kune rimwe boka revanhu, zvino Mwanakomana wemunhu anozoZvizarura pakati pavo, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

<sup>164</sup> O, ini zvangu! O, ndinozvida izvozvo. Ndinoda—ndinoda kudada naYe. Ndinoda ku—kuMuita mukuru pamberi pevanhu. Handifanirwe kuMuita mukuru; Atori mukuru nekare. Mukuru kuenda mudenga zvokuti haukwanise kuenda nepamusoro paKe, akadzika kuenda pasi zvokuti haukwanise kuenda nepasi paKe, akatambanuka zvokuti haukwanise kuMupoterredza, asi zvisinei hazvo iwe une nzvimbo yaKe mumoyo mako. HaungaMugamuchire here? Anoshamisa zvakadini Ishe wedu! Zvakanaka.

<sup>165</sup> Iye zvino ngatichinyararisei, munhu wese. Zvino, tataura pamusoro peiZvi. Uye zvino nyaya yacho ndeyekuti, ndeZvechokwadi here? Zvino, panogona kunge paine vaenzi muno. Ndinogona kutaura kuti kana...kwauro, kana Kristu ari mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, chii chaAngaita muminiti ino? Anoita chinhu chimwe chete icho chaAkaita paAkanga ari pano kareko. Ndizvozvo here? Kutenda kwevanhu kwaibata hanzu yaKe, zvino Aizotendeuka. SezvaAkaita mudzimai patsime, nezvaAkazviita pane dzimwe nzvimbo, zvino Akaziva pfungwa dzavo.

Zvino, unoti, “Ko Anogona here kundipodza?”

<sup>166</sup> Shoko raKe rakati Akatozviita nechekare. Asi nyaya yacho, ndeyekuti Azvizivise kuti Ari pano.

<sup>167</sup> Zvino, kana Akauya kwatiri ari mumutumbi wemunhu, achiratidzika chaizvo se*Musoro waKristu pamakore Makumi-matatu-nematatu* waHofmann, uye ropa richijujira kubva muruwoko rwaKe, nezvimwe zvakadaro, mavanga ezvipikiri akazara paAri pose, handaizvigamuchira. Kwete, kwete. Kwete, kwete. Kana Achinge auya, pachaKe, “Ziso rose richaMuona, rurimi rwese rwuchaMupupura; uye semheni inobva Kumabvazuva ichienda Kumadokero, ndizvo zvazvichava.” Maona? Hatitendi zvinamoto zvakatsauka nemapoka. Tinotenda kuti Mwari ndiye Shoko.

<sup>168</sup> Asi iYe anozviisa mumutumbi pachaKe, achitora mutumbi wako nemutumbi wangu, zvino wokupa zvipo, ondipa zvipo, zvino kubudikidza nezvipo izvi iYe Anozvizivisa. Ndicho Chikafu chakavanzika. Hazvina basa kuti iYe Angazvizivisa zvakadini nemandiri, unofanira kuZvitenda, unofanira kunge uine chipo chekutenda, zvakare, kuti uZvitende. Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Uye zvino kana Akazviratidza nenzira iyoyo, muchaMutenda here? [“Ameni.”] Nemooyo wenyu wose, muchaMutenda? O, zvinoshamisa zvakadini, ndakangoMumirira, ndakangomira kuti ndione zvaAchataura.

<sup>169</sup> Hepano pane murume akamira pano. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu, sokuziva kwangu. Anoratidzika semurume akanaka, akasimba, ane utano, pamwe ndizvo zvaari, ini—ini—ini handizive. Asi akamira apo. Zvino, ndinogona kuenda ndonoisa mawoko pamurume uyo ndomunamatira, ndomubvunza kana achitenda. Anogona kumira pano ondiudza, oti, “Ndi—ndi—ndinoda kuti munamatire *Nhingi-nhingi*. Ndine—ndine mbabvu dzakawira pasi. Ndine musoro uri kutema, nguva dzose. Ndine maronda ari mudumbu mangu,” kanawo zvimwe. Iye—iye, handizive. Anokwanisa kutaura chero chezvimwe zvinhu izvi.

<sup>170</sup> Ndinozoti, “Zvakanaka, changamire, hama. Ndichaisa mawoko angu pamuri ndokunamatirai.” Izvozvo zvinenge

zvakanatsonaka. Ndizvo chaizvo zvatanga tichiita nemumazera. Ndizvozvo here?

171 Asi, rangarirai, Jesu akati zvichange zvakasiyana panguva chaipo yeKuuya kwaKe, sezvazvaiva mumazuva eSodhoma. Zvino Munhu akauya ikoko, Akanga akafuratira tende umo maiva naSara, zvino iYe ndokuti, (kwete “Abrama,” zvino) “Abrahama.”

172 Munoono, akanga ari Abrama, nezuro wacho. Asi akasangana nechiratidzo, zvino Ishe vakamuudza kuti, “Ndichashandura zita rako.”

173 Zvino hepanoi Ishe, pachaVo, vari muchimiro chemunhu, vachidya pamwe nokunwa naye. Ndokuti, “Abrahama, aripi mudzimai wako, Sara?” S-a-r . . r-a; kwete S-a-r-a-i.

Akati, “Ari mutende, shure kweNyu.”

174 Ndokuti, “Ndichakushanyirai, maererano nevimbiso yaNgu makore makumi maviri nemashanu apfuura.”

175 Zvino Sara akaita sokusekera muchipfuva. Iye ndokuti, “Sara aseka mutende izvozvi, achiti, ‘Zvinhu izvi zvingaitika sei?’” Uh-huh. Pane chingaomera Mwari here? Maona? Hapana. Kwete, changamire.

176 Zvino Akati, Jesu akavimbisa kuti, “Iye, Mwanakomana wemunhu,” anova Shoko, (munozvitenda here?) “achazouya mumazuva okupedzisira zvino ozoZvizarura munguva apo nyika ichange yakafanana neSodhoma neGomora.” Munotenda kuti ndizvozvo?

177 Tisati tava nemunamato mumwe, vamwe venyu kunze uko namatai mugoona kana Mwanakomana wemunhu achiri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ingobvunza kana Ari, iti, “Ishe, murume uyu haandizive, asi ndinoziva kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” woona kana Akakuudza izvozvo.

Hongu, changamire. Zvino simudza musoro wako kwechinguvana.

178 Ari kumashure kwangu. Mwana. Ari kubvira iko zvino nefivhiri. Kasikana kaduku. Unobva kunze kweguta. Mwana anorwara nemudumbu. Anga akadaro. Ingotenda.

179 Zvino, ndizvo here zvaAkataura kuti Aizoita? Handisati ndamboona kumboona munhu uyu muhupenyu hwangu. Mwari vari Kudenga vanozviziva.

180 Murume uyu ari pano, anoratidzika kuve akasimba aine utano. Asi onai mumvuri uyo uri paari? Zvinoziva kuti, kunze kwekunge Mwari vatomubatsira, haasi kuzova pano kwenguva yakareba. Ane kenza. Iri mubapu rako.

Iye zvino, Mwanakomana wemunhu ari pano.

Ane mutoro pamoyo pake wemukomana muduku, mwana muduku. Ndizvozvo here? Unotenda here kuti Mwari

vanogona kundiudza dambudziko remwana? [Hama inoti, “Ndinoziva kuti Anokwanisa.”—Mupepeti.] Anokwanisa. Anopota achimbodzimirwa zvishoma zvakaita setsviyo. Achangobva mukuzviita nguva shoma yapfuura. [“Mangwanani ano.”] Ndizvozvo, mangwanani ano. Uye unotenda here kuti uchararama kuti ugorera mukomana uyu, uye achaita zvakanaka? [“Hongu.”]

<sup>181</sup> Charlie Cox aripi? Aripi? Charlie, uripi? Ndafunga kuti anga ari pano manheru ano. Nechekuno uku, Charlie. Gary, uripi? Larry, ari pano here? Mukomana wake muduku aiva nechingu chimwe chete, zvimwe chete chaizvo. Uripa, Larry? Uya pano kweminiti. Zvakanaka, hezvoka izvo. Mukomana muduku uyu pano akanga aine chinhu chimwe chete. Baba naamai vake ishamwari yangu yakanaka. Makore apfuura ndakanga ndiri zasi ikoko, zvino mukomana muduku uyu zvaipota zvichimubata, aingodzimirwa obva angoti tasa. Dzaive tsviyo. Ndakazvibata pamukomana uyu muduku, ndokukumbira Mwari kuti vamupodze. Hadzina kuzombomubata kubvira ipapo. Avo ndivo baba vake; amai vake vagere muno pane imwe nzvimbo; zvino heunoi mukomana wacho muduku, pachake.

<sup>182</sup> Zvino munotenda here, changamire? (Waita hako, Larry.) Munotenda here, changamire? Dai Mwari voKudenga vakuitirai chinhu chimwe chete, uye kuti imi murarame muzorera mwana uyu. Mwari vakuropafadzei.

Ngatinamatei.

<sup>183</sup> Mwari Vanodikana, mubatsireiwo. Ndinonamata kuti tsitsi nenyasha dzeNyu zvigova pamusoro pake nokumuropafadza. NemuZita raJesusu.

<sup>184</sup> Dzokera kuLouisiana zvino, uchifara, urumbidze Mwari nokuda kwake.

<sup>185</sup> O, hongu, akabva kuLouisiana, chokwadi ndizvo, nechepaLake Charles. Ndizvo. Munooni, ndinogona kubata pfungwa dzenyu zvino. Mwari ngavarumbidzwe!

<sup>186</sup> Zvakanaka, uri kukumbira chi—chinhu chakanaka, unoda kuva nemwana. Une vana nechekare, vana vakati kuti, asi uri kuda mumwe. Dai Mwari veKudenga vakupai, hanzvadzi yangu. Uyai pano, ndiri kuda kungoisa maoko.

<sup>187</sup> Mwari Vanodikana, ipai mudzimai chishuwo chemoyo wake, nokuti chinhu chakafanira. NemuZita raJesusu. Amenii.

Zvino chienda ugova nemwana wacho.

<sup>188</sup> Mwari ndiMwari wakanaka. Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Vanoziva zvose zvatinoda. Vanotipa zvose zvatinoshaiwa kana tikazvitenda. Vakati, “Kana uchingotenda!”

<sup>189</sup> Ndambokugwinhai chishanu pane imwe nzvimbo. Handicharangariri kuti ndekupi, asi pane imwe nzvimbo.

ndakugwinhai chishanu. Handichanyatsorangariri, asi tanga tingori pane imwe nzvimbo, nhasi pane imwe nzvimbo, asi handichazivi kuti panga pari papi pachu. Asi handipo, zvatiri pano kuti titaure nezvazvo. Uri pano kuti utaure pamusoro, kana kunamata, unoda kuti ndinamatire mumwe munhu. Ndizvozvo chaizvo. Haasi pano. Ari muGeorgia, ari kurwara. Haasi kurwara bedzi, panyama, asi pamweya ari kurwara; munun'una wako. Unotenda here kuti Mwari vachashanda pazviri nokuti wamuririra? Unotenda? Uya pano zvino ngatinamatei pamwe chete.

<sup>190</sup> Mwari vanodikanwa, ipai murume uyu chishuwo chemoyo wake, kuti agoenda agosvikowana murume uyu achichemera Mwari. NemuZita raJesu ndazvikumbira. Amen.

Mwari vakuropafadze. Usapokana. Tenda nemoyo wako wose.

<sup>191</sup> Makadini? Hazvisi kuti handina kutambanudzira ruwoko rwako kuti ndirwukwazise ipapo, pawatambanudza ruwoko rwako, ndanga ndiri kucherechedza chimwe chinhu. Wanga uri mumvuri, wakasviba kwazvo mutema. Ndicho chikonzero chacho. Ndinoziva kuti ndabata ruwoko rwako, ndinozoviona nenzira iyoyo, munoon. Asi ikenza. Unotenda kuti Mwari vanokwanisa kuibvisa? Iri pazamu rako, kudivi rekuruboshwe. Unoda kudzokera kuCarolina uye ugopa kurumbidza kunaMwari nokuti wapora, haudaro here? Muri kuona here zvandiri kureva? Ngatinamatei.

<sup>192</sup> Mwari vanodikanwa, nemuZita raJesu Kristu, uYo Ari pano zvino; vana vachidya Chingwa chaMwari, dai mwana uyu afadzawo nokutenda, Chingwa chaMwari chaVari kumupa iye zvino kuti apore. Dai aenda anopora, nemuZita raJesu. Amen.

Mwari vakuropafadze, hama. Tenda nemoyo wako wese.

Makadini?

<sup>193</sup> Ino haisi nguva inoshamisa here? Zvinoita sokunge pane kakubatikana kari pavanhu. Kana, pamwe zviri kunzwika sokunge, nzeve dzangu, kunge chimwe chinhu chiri kuti, “Whew!” Chiri kungoita ruzha, rwokuti, “Whew,” saizvozvo, munoon. Ndicho Chingwa chevana. Maona? Ndechenyu. Ndechenyu. Hachisi changu; ndecheNyu. Ndinotenda zvikuru, panguva chaipo zvino, handidaro...Ndine utano, sokuziva kwangu; asi iCho Chingwa changuwo, zvakare, pandinenge ndichichida. Chingwa chenyu. Ikurudziro. Kwamuri imi musiri kurwara, zvinongosimudzira moyo yedu pamberi paMwari.

<sup>194</sup> Izvi zviri chaimo mumwaka, izvo zvaAkataura kuti Aizoita, “Uye sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu, apo Mwanakomana wemunhu achazarurwa.” Maona? “Uye, tarirai, ndinokutumirai Eria muporofita zuva guru rinotyisa raJehovha risati rasvika.

Achadzoredza moyo yevanhu ichidzokera kuna Baba.” Maona? Maona?

<sup>195</sup> “Zvino vakarurama vachafamba nepamusoro pepevasakarurama, madota.” Vachabvira sechoto, munoona, nyika ichadaro. Tiri kuona kuti ichawa pamberi apo. Uye muto wematombo akanyunguduka uchapararira panyika, uye matenga achange achibvira.

O Dombo reZvizvarwa, ndinzwireiwo ngoni izvozvi, pamwe nenguva dzichazouya.

<sup>196</sup> Makadiniko? Zvakanaka, chimwe chinhu, une dambudziko remadzimai, dambudziko remunhukadzi. Une zvimwe zvinhu. Unohuta-huta, ungori pazera iroro rokuhuta-huta. Zvinetswa zvemhando dzakasiyana-siyana. Asi une chishuwo, zvakare, ndeche kugamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvo chaizvo. Ndizvo zvazviri. Unotenda here kuti uri...Wareurura here zvose? Unotenda here kuti ndikaisa mawoko angu pamusoro pako uye ndokumbira Mwari kuti vazviite, Mweya mutsvene unouya? [Hanzvadzi inoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Unozvitenda here? [“Hongu, changamire.”] Ngatinamatei.

<sup>197</sup> Mwari vanodikanwa, ndinoisa mawoko angu pamudzimai uyu, nenzira yechiapostora, ndichikumbira kuti agamuchire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. NemuZita raJesu Kristu, dai aUgamuchira. Amenii.

<sup>198</sup> Usazvipokana. Ndewako, uri kuona. Ndewako. Ndicho chi—Chingwa chevana.

<sup>199</sup> Wava nemanzwiro mashoma asinganzwisisike pandati, “dambudziko remadzimai,” handiti? Nokuti ndiro rawanga uinarowo, zvakare. Iye zvino unotenda kuti uchaita zvakanaka zvino? Chienda, uchingatenda Ishe.

<sup>200</sup> Makadiniko? Unotenda here nemoyo wako wose? Unotenda kuti uchange wave kukwanisa kudya semadyiro awaiita kare-kare? Zvakanaka. Chienda, uchiti, “Maita heNyu, Ishe. Ndinozvitando.” Hupo hwaIshe.

<sup>201</sup> Unotenda kuti dambudziko remusana richabva pauri uye uchaita zakanaka? Zvakanaka. Chingoenda, uchiti, “Maita heNyu, Mwari vanodikanwa,” uye Mwari vachazviita.

<sup>202</sup> Unotenda kuti unogona kupora, Ishe vachakupodza; uye hauzova nearthritis, woita zvakanaka uine hutano? Unozvitenda izvozvo? Chienda, uchiMutenda, ugoti, “Ishe, ndinozvigamuchira nemoyo wangu wose, uye ndinozvitando.”

Munotenda mose kunze uko pamusoro paZvo?

<sup>203</sup> Iwe uri pano apo, isa ruwoko rwako pamusoro pemudzimai agere chaipo padivi pako chaipo, muudze kuti marwadzo etsinga dzemumakumbo nearthritis zvichabva paari. Kana iye...?...



204 Mwari vakuropafadze. Unotenda kuti uchapora zvino? Chienda kumba ugodaro. Mwari vakuropafadzei. Chienda nenzira yako, zvino uchiti, “Maita heNyu, Ishe Jesu.”

205 Makadini? [Hanzvadzi inoti, “Ishe ngavarumbidzwe.”—Mupepeti.] Unotenda kuti dambudziko remadzimai richabva pauri, zvakare? [“Ndinotenda.”] Uye uchaita zvakanaka? [“Maita heNyu, Jesu.”] Chienda, uye uchiti, “Maita heNyu, Ishe.” [“Maita heNyu, Jesu.”]

206 Makadini? [Hanzvadzi inoti, “Ndakadhonzwa runda.”—Mupepeti.] Kudaro, ini zvangu, ini zvangu! [“Totten.”] Ndinoziva zita rako. Ini—ini ndaimbo... [“Totten.”] pandaive mufudzi wekereke yeBaptisti. [“Totten.”] Totten. [“Della Totten.”] Hanzvadzi Della Totten. Muri kutambudzwa nedambudziko remusana zvino. [“Hongu.”] Uchaita zvakanaka, zvino. Unotenda kuti Achakuita kuti uite zvakanaka? [“Hongu.”] Unorangarira zvakaitika zasi uko mukereke yeMiltown Baptisti makore akapfuura? [“Hongu, ndinozviringarira!”] Achingori Mwari mumwe chete nhasi. [“O, tinotenda Mwari!”] Mwari vakuropafadze, hanzvadzi yangu.

George Wright, uripi? Unorangarira? Ini zvangu, kuti . . .

Unotenda, kana ndikangoisa mawoko angu pauri, nechizoro chino ichi, unotenda kuti uchapora? Uya pano. NemuZita raJesu Kristu dai apodzwa. Ameni. Iva nokutenda!

Zvakanaka, munotenda here mose nemoyo wenyu wese? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

207 Zvino, zvinonyatsounza zvakadini ndangariro dzakare, kuona mudzimai uyo! Handisi kukwanisa kufunga zita rake, nazvino, asi ini... [Mumwe munhu anoti, “Totten.”] Totten. Totten, ndizvozvo. O, hongu, mwanasikana wake ainzi Bertie. Ndizvozvo. Ndizvozvo chaizvo. Musafunga kuti ndave kupenga, ndinongori zvishoma, munoziva, zvinoita sokunge... Handikwanise kuzvitsanangura.

208 Asi dambudziko rako remusana rapera, mudzimai. Chienda, uchirumbidza Ishe, uchiti, “Maita heNyu, Ishe.”

209 Unotenda kuti dambudziko rako remoyo richaita zvakanakawo, zvakare? [Murwere anoti, “Hongu.”—Mupepeti.] Chingoenda, uchipembera, uchiti, “Maita heNyu, Ishe Jesu,” uye ugoZvitenda. Zvakanaka. Iva nokutenda zvino. Usapokana.

210 Uyai, amai. Munotenda here nemoyo wenyu wese? Mune zvinhu zvakanakawanda zvisina kuita zvakanaka pamuri. Mune dambudziko remusana, zvakare. Munotenda kuti Mwari vari kuzokupodzai? Zvakanaka, chingoendai, muchipembera. Izvozvo, ndiYe anokuitai kuti munzwe saizvozvo. Tendai Ishe. Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi.

211 Mhoro, mwanakomana. [Mukomana anoti, “Mhoroi!”—Mupepeti.] Unotenda kuti Mwari vachapodza kuhuta-huta

kwemwana uyo nokuita kuti aite zvakanaka? Unotenda? Zvakanaka. Mhoro, shamwari, rega ndigwinhe ruwoko rwako chishanu.

<sup>212</sup> Mwari Vanodikana, bvisai chinhu chakaipa ichi kubva pamukomana muduku uyu, uye dai akararama uye agoita zvakanaka. NemuZita raJesu. Amen.

<sup>213</sup> Mwari vakuropafadzei, hama. Munozvitenda, handiti? Muchaita zvakanaka. Musapokane zvachose.

<sup>214</sup> Uri muduku kwazvo kuti uve nedambudziko remoyo. Unotenda kuti Mwari vachakupodza? [Murwere anoti, “Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Enda, uchiti, “Maita heNyu, Ishe, nokundipodza.”

<sup>215</sup> Unotenda kuti Mwari vachapodza dambudziko remudumbu voita kuti uite zvakanaka? Chienda hako, pembera, uchiti, “Maita heNyu, Ishe.”

<sup>216</sup> Achingori Mwari, haAsi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chinhu choga chaunofanira kuita kungotenda. Handizvo here? Unotenda here Mwanakomana wemunhu mumazuva okupedzisira?

<sup>217</sup> Pane chimwe chinhu chaitika pano maminitisi mashoma apfuura, uye handisi . . . kuedza kutsvaka kuti changa chiri papi. Mumwe munhu anga aine kutenda zvino ndokuita chimwe chinhu. Kana kuti, pamwe ndichawawana musi weSvondo unotevera, kana pandinenge ndakwanisa. Mu—muri here . . . Hezvino izvo zvakare. Wakasimudza ruwoko rwako. Unotenda here kuti Mwari vanogona kupodza dambudziko remoyo, voita kuti uite zvakanaka, vopodza mwanasikana wako kunze uko ane—ane . . . Unozvitenda? Mai Neff, munotenda kuti Mwari . . . Leo Neff. Handikuzive, asi ndizvo zvauri. Une dambudziko remoyo, uye mwanasikana wako muduku ane dambudziko reitsvo. Unotenda kuti achaita zvakanaka? Kutenda kwako kwakupodza. Tenda nemoyo wako wose.

<sup>218</sup> Iwe kumashure uko muchidziva, wakamira kumashure uko uine dambudziko remudumbu, Jesu Kristu akupodza.

<sup>219</sup> Munotenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ngatiisei mawoko edu mumwe pane mumwe zvino. O, funga pamusoro penguva apo patiri, funga nezvenguva. Funga kuti tiri chaimo muHupo hwaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Akavimbisa kuti Aizoita zvakadai mumazuva okupedzisira. Ndine mawoko andaisa pamahengechepfu aya.

<sup>220</sup> Mwari vanodikana, ndinonamata kuti Mugoropafadza mahengechepfu aya kuitira kupodzwa kwemitumbi yevanhu, nemuZita raJesu Kristu.

<sup>221</sup> Iye zvino, makaisa mawoko enyu mumwe pane mumwe, mumwe nomumwe wenyu muri nhengo dzeMutumbi waKristu.

Mweya Mutsvene mumwe chete akavimbisa kuzarura zvakavanzika zvemoyo pamwe nokuita zvinhu izvi, Ari mauri. Uri chikamu chaKe, uye iYe chikamu chako. Zvino, Akataura kuti, “Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda.” Ndiwe iwe. “Kana vakaisa mawoko pane vanorwara, vachapora.” Iye zvino, usazvinamatire, namatira uyo wawakaisa mawoko paari, nokuti vari kukunamatira. Iye zvino ngatinamatei pamwe chete, uye dai kukasava nemunhu ane hutera muchivakwa chino. Ko tingarambirei takamirira, hama inodikanwa, hanzvadzi, heUnoi uyu, Mweya Mutsvene, Mwari, ipo pano, icho Chinhu chacho chatataura nezvacho.


<sup>222</sup> Jesu Anodikanwa, tiri kucherechedza Hupo hweNyu. Makadzosa kamwana kaya kaduku kuhupenyu zuva riya, mushure mokunge kafa, nemunamato wekutenda. Mwari Vanodikanwa, pane vakawanda pano vatisina kusvika pavari, nguva iri kupfuura, asi vakaisa mawoko avo mumwe pane mumwe. Vatendi. Tigere muHupo hwaIshe Jesu Kristu, akamutswa kuvakafa, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>223</sup> Satani, wakundwa! Jesu Kristu akakukunda! Akamuka kubva kune vakafa uye Amire pakati pedu manheru ano, achisimbisa Mharidzo ino yemazuva okupedzisira. Buda pakati pevanhu ava! Vasiye, nemuZita raJesu Kristu! “NemuZita raNgu vachadzanga madhimoni,” zvino wadzingirwa kunze. NemuZita raJesu Kristu, siya ungoro ino!

<sup>224</sup> Mumwe nomumwe wenyu iye zvino anogamuchira kupora kwake, simuka netsoka dzako. Wese anogamuchira kupora, simuka netsoka dzako. Simudza mawoko ako zvino uMurumbidze!

“Zvino ndinogamuchira kupora kwangu,” zvitaure kuna Mwari. Iye zvino ndinogamuchira kupora kwangu. [Ungano inoti, “Iye zvino ndinogamuchira kupora kwangu.”—Mupepeti.] Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Kristu. [“Muri mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, Kristu.”] Zvino ndave kuKutendai. [“Zvino ndave kuKutendai.”] Batsirai iMi kusatenda kwangu. [“Batsirai iMi kusatenda kwangu.”] Amen. [“Amen.”]

NdichaMurumbidza, ndichaMurumbidza,  
Rumbidzai Gwayana rakabairwa vatadzi;  
Mupei kubwinya, imi mose vanhu,  
Nokuti Ropa raKe rakasuka dzvanga roga-  
roga.

<sup>225</sup> HamuMude here? [Ungano inoti, “Amen.”—Mupepeti.] NgatiMurumbidzei zvino. Munhu wese, makasimudza mawoko enyu, Murumbidzei, apo hama iri kuuya kuzotiparadzanisa. 

*CHIKAFU CHEPAMWEYA MUMWAKA WAKAFANIRA* SHO65-0718E  
(Spiritual Food In Due Season)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 18 Chikunguru, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)